ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

ТЕКІУЭНЫГЪЭ 80

№25 (24.775) • 2025 гъэм мазаем (февралым) и 27, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-ІуэхущІапІэхэм къызэратамкІэ

Іуэхутхьэбзэхэр - бжыгъэхэр зи лъабжьэ ІэмалкІэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ ІуэхукІэ хуэзащ республикэм бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ, связымрэ цІыхубэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и министр Бозий Аскэр.

МИНИСТРЫМ Іэтащхьэр щыгъуазэ ищІащ къэрал къэпщытэныгъэхэм япкъ иткІэ, бжыгъэхэр зи лъабжьэ Іэмэпсымэхэм техьэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нагъыщэ тІощІкІэ ипэкІэ зэрыкІуэтам икІи фІагъ и лъэныкъуэкІэ 31-нэ увыпІэр зэриІыгъым.

Министерствэр зэлэжь унэтІыныгъэхэм язщ республикэм интернетыр нэхъыфІу щызекІуэу щІыныр, ар щІыпІэ нэхъ жыжьэхэми къыщагъэсэбыфу. Илъэс блэкІам интернет псынщІэ кІуэцІрашащ Шэджэм Ипщэм, Эльтюбю, Дзэлыкъуэдэс, Дженал, Ташлы-Тала, Дальнее къуажэхэм.

Министерствэр нэхъ зэлІалІэ лъэныкъуэхэм язщ «Госуслуги» гуэдзэныр. КъБР-м ит МФЦ ІуэхущІапІэхэм илъэсым и кІуэцІкІэ цІыху мелуан 1,4-м зыхуагъэзащ, яІэрыхьэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ цІыхубэр зэрыарэзым кІэлъыплъ зэпытщ. ЦІыху мин 20-м къагъэхьа лъэІухэм жэуап иратащ. Къэралым къыбгъэдэкІ ІуэхутхьэбзэхэрІкІуэ пэтми цІыхухэм нэхъ тыншу зэрылъагъэІэсыным елэжь зэпытщ министерствэр.

Связым и инфраструктурэми зрагъэужь. ІэщІагъэлІхэр иужь итщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэщІэзыубыдэ интернет портал-зэхэт зэрызэрагъэпэщыным.

Зи гугъу тщІы министерствэм и лэжьыгъэм щІэуэ къыхыхьа къудамэщ илъэс блэкІам абы и нэІэм республикэм и СМИ-хэр зэрыщІагъэувар, а лъэныкъуэми лэжьыгъэ щхьэпэхэр щокІуэкІ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр Бэгъуэт Къ. А. етыным и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Дзэ Іуэху хэхам къыщигъэлъэгъуа лІыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ, и дзэ къалэныр щІыхь пылъу зэригъэзэщІам щхьэкІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр **Бэгъуэт Къантемыр Анатолэ и къуэм** - Ипщэ дзэ округым и 58-нэ гвардие дзэ зэхэт армэм и 19-нэ мотострелковэ дивизэм и 503-нэ мотострелковэ полкым и командирым - етын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм мазаем и 18-м
№12-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр Котляровэ М. А. етыным и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм щыпсэухэм я тхыдэр, щІыпІэм епха Іуэхухэр джыным, зегъэужьыным хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэм, жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру зэрыхэтым щхьэкІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр **Котляровэ Марие Абрам и пхъум** - «Фэеплъыр щІэину къытхуонэ» краеведениемкІэ щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІым - етын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм мазаем и 18-м
№13-УГ

Нэхъ лъагапІэ дыдэм

Іуащхьэмахуэ лъапэ къыщызэІуахащ Урысейм и бгы нэхъ лъагэ дыдэм щыІэ, нэхъ лъэщыр къарукІэ щызэхагъэкІ спорт лІэужьыгъуэхэм щыхуагъасэ «Отечество - Эльбрус» клубыр. Спорт ІуэхущІапІэр къызэрызэІуахыр хуагъэпсащ Хэкум и хъумакІуэм и илъэсымрэ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъумрэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ **КІуэкІуэ Казбек**, Урысейм ДзюдомкІэ и федерацэм и вице-президент **Ротенберг Борисрэ** абы и гъусэу къыздиша спортсмен гупымрэ.

Мы клубыр нэхъ лъэщыр къарукІэ щызэхагъэкІ спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ «Хэку» зэгухьэныгъэм и къудамэщ. Илъэс 20 хъуауэ сабий-ныбжьыщІэ спортым зегъэужьынымкІэ, балигъыпІэ имыувахэр мыхъумыщІагъэ Іуэхухэм пэІэщІэ щІынымкІэ программэхэр Урысейм и хэгъэгу 20-м абы щегъэзащІэ.

ГуфІэгъуэ зэхыхьэм хэтахэм мастер-классхэр ягъэлъэгъуащ, спортсмен ныбжьыщІэхэм ядэуэршэращ.

КІуэкІуэ Казбекрэ Ротенберг Борисрэ клубыщІэм и лэжьыгъэм зэрызрагъэужьынум тепсэлъыхьащ. ЩІыналъэм и Іэтащхьэм хьэщІэхэм фІыщІэ яхуищІащ ди республикэм къызэреблэгъамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым спортыр щегъэфІэкІуэнымкІэ дэІэпыкъуэгъу къазэрыхуэхъум папщІэ.

Гъуэгу шынагъуэншагъэм депутатхэр егъэпІейтей

КъБР-м и Парламентым «Правительствэм хухах сыхьэтым» хыхьэу, щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгухэм я фІагъымрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэрызэрагъэпэщымрэ.

ЩІЫНАЛЪЭМ и хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ жиІащ къаІэта Іуэхур къэралым и пщэрылъ нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр.

- Гъуэгухэр сыт и лъэныкъуэкІи зэпэщ щІыным хуэгъэзащ «ГъуэгуфІ шынагъуэншэхэр» лъэпкъ Іуэхур. Иужьрей илъэсихым гу зэрылъыттэщи, ар ди республикэм къызыхуэтыншэу щагъэзащІэ. Иджы «Жылагъуэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщын» лъэпкъ проектыщІэми ипкъ иткІэ къуажэхэм я гъуэгухэр зэІузэпэщ ящІынущ, - къыхигъэщащ абы.

Егоровэм жиІащ гъуэгухэм я фІагъхэм, транспорт зэжьэхэуэхэр къэмыгъэхъуным зэрелэжьым хуэдэу, республикэм шынагъуэншагъэм щыхэгъэхъуэным иджыри зэрыщелэжьыпхъэр. «Гъуэгу транспорт зэжьэхэуэхэр нэхъ мащІэ хъуныр иджыри къыдэхъулІакъым. Урысейм и Президентым «УФ-м 2030, 2036 гъэхэм пщІондэ зэрызегъэужьыпхъэхэр» и Унафэм ипкъ иткІэ, гъуэгум къыщыхъу насыпыншагъэхэм хэкІуадэхэм я бжыгъэр 2030 гъэм ирихьэлІэу хуэдэ 1,5-кІэ, 2036 гъэм хуэдитІкІэ дгъэмэщІэныр зэдгъэхъулІэн хуейщ (бжыгъэхэр 2023 гъэм егъэпщащ)», - дыщІигъуащ къэпсэлъам.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым зэрыжиІэмкІэ, а Іуэхум зэгъусэу елэжьыпхъэщ къэрал ІуэхущІапІэхэри, щІыпІэ унафэр зезыхьэ ІэнатІэхэри, жылагъуэри, хьэрычэтыщІэхэри. «Іуэхугъуэ псори зытещІыхьауэ щытын хуейр республикэм и гъуэгухэм я быдагъэмрэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэ зэгъэхъулІэнырщ. Зи гугъу тщІым хабзэубзыху ІуэхущІапІэм зэпымыууэ и нэІэ трегъэт, «ГъуэгуфІ шынагъуэншэхэр» Іуэхум къыщыгъэлъэгъуахэр зэрагъэзэщІэм дыкІэлъоплъ. Ноби аращ абы дытепсэлъыхьыныр къыщІэтІэтар», - пищащ Егоровэм.

КъБР-м транспортымрэ гъуэгу ІэнатІэмкІэ и министр ДыщэкІ Аслъэн жиІащ зи гугъу ящІ лъэпкъ Іуэхум хыхьэу, 2019 - 2024 гъэхэм къриубыдэу республикэм и автомобиль гъуэгу километр 1118-рэ зыхуей зэрыхуагъэзар, гъуэгу километр 380-м я Іуфэхэм уэздыгъэхэр зэрыщагъэувар.

2024 гъэм щІыналъэ, щІыпІэ мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъуэгу километри 150-рэ, лъэмыж метри 120-м щІигъу зэрагъэпэщыжащ, километр 80-м нэблагъэ къагъэнэхуащ. ЩІыналъэм гъуэгум хухих и мылъкум щыщу сом мелард 1,8-м щІигъу трагъэкІуэдащ километр 37-рэ зыхуей хуэгъэзэным. Министрым жиІащ гъуэгу хабзэхэр къызэпызыудахэм тралъхьэ тезырыр зэрырагъэпшын щІыкІэм ехьэлІауэ законодательствэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн зэрыхуейр.

ДыщэкІым къызэрыхигъэщамкІэ, «Шынагъуэншэ республикэ» АПК-м и Іэмал псори дяпэкІэ къагъэсэбэпыфынущ. КъБР-м и МВД-м и Къэрал автоинспекцэм и управленэр я дэІэпыкъуэгъуу, ПДД-р къызэрызэпаудар къэзыгъэлъагъуэ «Паркон» системэр (сурэтрэ видеорэ трех) къыщагъэсэбэп щІыпІэхэри нэхъыбэ ящІынущ.

- Гъуэгухэм я фІагъымрэ шынагъуэншагъэмрэ хэдгъэхъуэнымкІэ щІэгъэкъуэныфІ тхуэхъунущ «Жылагъуэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщын» лъэпкъ Іуэхур. Министерствэм мы Іуэхур зи нэІэ щІэт ІэнатІэхэр и гъусэу, зэхигъэуващ къэкІуэну илъэсихым гъуэгум дызэрелэжьыну щІыкІэр. Абы КъБР-м и Іэтащхьэр арэзы техъуащ, - дыщІигъуащ министрым.

2025 гъэм ІуэхугъуитІым иужь ихьащ: Аруан къуажэм къыщыщІэдзауэ Налшык къалэм Щоджэным и цІэр зезыхьэ и уэрамым къэс километри 8 зи кІыхьагъ гъуэгу Іыхьэмрэ Щхьэлыкъуэ - Кэнжэ автомобиль гъуэгумрэ (Налшык и Щэрдан уэрамым къыпыхьэжу псори зэхэту километри 4,7-рэ мэхъу) елэжьыным.

КъБР-м и МВД-м гъуэгу шынагъуэншагъэмкІэ и къэрал инспекцэм и управленэм и унафэщІ Бэджыдэ Юрэ жиІащ къагъэсэбэп Іэмалхэм емылъытауэ, ДТП-хэр нэхъ мащІэ зэрымыхъуар.

Апхуэдэу гъуэгум къыщыхъуа насыпыншагъэхэм фэбжь хэзыхахэм я бжыгъэр проценти 8,5-кІэ нэхъ мащІэ хъуами, транспорт зэжьэхэуэхэр проценти 4,2-кІэ, хэкІуэдахэр процент 47,3-кІэ нэхъыбэу щытащ. Нэгъабэ республикэм и гъуэгухэм къыщыхъуа насыпыншагъэхэм цІыхуи 134-рэ хэкІуэдащ, 2023 гъэм абы и бжыгъэр 91-уэ щытащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм щыщІэныгъэ зиІа уэрамхэмрэ гъуэгухэмрэ зыхуей хуэгъэзэжыным ехьэлІауэ зэфІигъэкІа лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ, апхуэдэ щІыпІэхэм къыщыхъу транспорт зэжьэхэуэхэр процент 31,2-кІэ ягъэмэщІэн яхузэфІэкІащ. Апхуэдэ ДТП-хэр хуэдитІкІэ, фэбжьу хахри хуэдищкІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Управленэм и лэжьакІуэхэм нэгъабэ гъуэгухэм къэпщытэныгъэ 494-рэ щрагъэкІуэкІащ, гъуэгу шынагъуэншагъэр яхъумэн зэрыхуейм теухуа тхыгъэ 712-рэ зэбграгъэхащ, хабзэр къызэрызэпаудам теухуа Іуэхугъуэ 92-м теухуа хъыбар прокуратурэм и ІэнатІэхэм Іэрагъэхьащ.

Къиіщынэмыщ Іауэ, шынагъуэншагъэр къызэрызэрагъэпэщ Іэмалхэм ящыщщ машинэ зэблэкІхэм я зэхуакум гъущІ ухуэныгъэхэр зэрыдагъэувэр. Ахэр КъБР-м щыІэ МВД-м и Къэрал автоинспекцэм и жэрдэмкІэ, 2018 гъэм щегъэжьауэ Р-217 автомобиль гъуэгум и кІыхьагъкІэ щагъэув. Апхуэдэ щІыпІэхэм деж иужьрей илъэсищым щыхэкІуэдар цІыхуитІщ, абы ипэкІэ - а бжыгъэр 51-рэ хъууэ щытащ.

Іуэхугъуэ щхьэхуэщ гъуэгухэр зэпызупщІхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр. Зы илъэсым и кІуэцІкІэ гъуэгум зэпрыкІыу цІыхуи 140-м машинэ къажьэхэуащ: 32-р абы хэкІуэдащ, 122-м фэбжь ягъуэтащ. Лъэсу зекІуэхэм яІэ хуитыныгъэхэр рулым дэсхэм къыщызэпаудыр гъэмэщІэным епхауэ къэрал автоинспекцэм Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр иригъэкІуэкІащ. Илъэсым къриубыдэу хабзэр къыщызэпауда Іуэхугъуэ 7700-рэ къыщІагъэщащ, ар хуэдитІкІэ нэхъыбэщ ипэ илъэсым щыІам нэхърэ.

- ЦІыху зэпрыкІыпІэхэр жэщми махуэми, дунейм и щытыкІэ зэхуэмыдэхэми къэгъэнэхуауэ щытмэ, ДТП-р нэхъ мащІэ хъунущ. Абы къыхэкІыу гульытэ хэха худощІ уэрамхэм апхуэдэ я щІыпІэхэр къэгъэнэхуным. «ГъуэгуфІ шынагъуэншагъэ» федеральнэ Іуэхум хыхьэ щІыналъэ проектыщІэм (Жылагъуэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщын) къыщыдгъэлъэгъуащ иджыри метр мин 50 къэдгъэнэхун зэрыхуейр, - дыщІигъуащ Бэджыдэ Юрэ.

Къэпсэлъам зэрыжиІамкІэ, гъуэгум транспорт насыпыншагъэхэр къыщымыгъэхъуным къыхуезыджэ Іуэху 1395-рэ ирагъэкІуэкІащ. 2025 гъэм гъуэгум хабзэхэм зэрыщытетым нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъыну я мурадщ, апхуэдэуи Урысейм и УФССП-м щІыгъуу, административнэ хабзэхэр къызэрызэпаудам теухуауэ тралъхьа къуэдыхэр егъэпшыныным нэхъыфІу я нэІэ трагъэтынущ.

ЗэІущІэм къыщаІэтащ сурэтрэ видеорэ тезых Іэмэпсымэхэр щагъэув щІыпІэхэр къызэрыхах щІыкІэм, фадэ ефауэ машинэм дэсхэм я зэранкІэ къэхъу ДТП-хэм я бжыгъэм, дунейм и щытыкІэм зэрызихъуэжымрэ абы къриκІуахэр гъэкІуэдыжынымрэ псынщІэу иужь зэрихьэм, гъуэгу хабзэхэр зэрагъэзащІэм, къуэдыхэр зымытхэм зэрабгъэдыхьэм, нэгъуэщІхэми ятеухуа Іуэхухэр.

КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкІэ, транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу ІэнатІэмкІэ и комитетым и унафэщІ Къалмыкъ Марат къыхигъэщащ гъуэгум и шынагъуэншагъэр къызэпызыуд Іуэхугъуэхэм зэращыщыр автомобилхэр зэрызэтрихьэри. Абы къыхилъхьащ гъуэгу зэхэкІыпІэхэм «светофор губзыгъэхэр» (гъуэгум и щытыкІэр къэлъытауэ машинэхэр зэблигъэкІыфу) ягъэувыным хуэгъэзауэ яІэ Іэмалхэм хуэкІуэныр. Къиіщынэмыщ Іауэ, абы къиІэтащ цІыхухэм зэрызыкъыхуагъэза Іуэхугъуэ зыбжанэ: Шэджэм укъикІыу Налшык укъыщыдыхьэкІэ светофор ягъэувыну цІыхур зэрыщІэлъэІумрэ къалащхьэм Ленинымрэ КІыщокъуэмрэ я цІэхэр зезыхьэ уэрам зэхэкІыпІэхэм диагоналкІэ зэпрыкІыу ящІынымкІэ щыІэ ІэмалхэмрэІ.

ЗэІущІэм щыжаІахэр къэлъытауэ, зэлэжьынухэм я лъабжьэр къащтащ.

«ЛІыхъужьым и адэ»

А фІэщыгъэр иІэу, КъБР-м и Лъэпкъ музейм дыгъуасэ сурэт гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэІуахащ. Ар теухуащ Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхам лІыгъэ щызезыхьахэмрэ ахэр хэкупсэу зыгъэса я адэхэмрэ. Гъэлъэгъуэныгъэм сурэт щэ никъуэм нэблагъэ къыщыхьащ. Абыхэм итщ зэадэзэкъуэхэр, языныкъуэхэм щыплъагъур и быным и сурэтыр нэхъыжьым иІыгъыущ (зэрыхэкІуэдам и щыхьэту).

МЫ Іуэхур КъБР-м и Парламентым и жэрдэмкІэ къызэрагъэпэщащ, «Хэкум и хъумакІуэхэр» щІыналъэ фондыр и дэІэпыкъуэгъуу. Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуахым хэтащ республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым**, «Хэкум и хъумакІуэхэр» щІыналъэ фондым и унафэщІ **Дадэ МуІэед**, дзэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ, абыхэм я Іыхьлыхэр.

Къызэхуэсахэм защыхуигъазэм, КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщІ **Накуэ Феликс** жиІащ Кавказым сыт щыгъуи щІалэ цІыкІур лІыгъэ хэлъу, бэшэчу щагъасэу зэрыщытар, ди зэманми а хабзэфІым зэремыбэкъуар. «Абы и щыхьэтщ нобэ ди щІалэхэм я къулыкъур лІыхъужьыгъэ яхэлъу зэрырахьэкІыр. Мы гъэлъэгъуэныгъэр лІыгъэ зезыхьэхэм пщІэ зэрахуэтщІщ, апхуэдэуи хэкІуэдахэм я фэеплъыр зэрытхъумэщ», - къыхигъэщащ Накуэм.

Гъэлъэгъуэныгъэм къекІуэлІахэр дзэ Іуэху хэхам хэкІуэдахэм дакъикъэкІэ яхуэщыгъуа нэужь, псалъэ иратащ Егоровэ Татьянэ.

«Сыт хуэдэ зэманми ди къэралыр зыгъэину щытар Хэкум и хъумакІуэхэм я лІыгъэмрэ хахуагъэмрэщ. Урысейм мызэ-мытІэу и щхьэ, и хуитыныгъэ ихъумэжын хуей хъуащ. Ноби, апхуэдиз илъэс пщІы бжыгъэхэр дэкІыжауэ, ди къуэ пажэхэр пэжым, захуагъэм, фІым щІэбэныну къахуихуащ, - жиІащ абы. - 2025 гъэр Хэкум и хъумакІуэм и илъэсщ. Мы гъэлъэгъуэныгъэр КъБР-м и Лъэпкъ музейм Дзэ щІыхьым, Хэку зауэшхуэм хухиха и пэшым къызэрыщызэІутхым къигъэлъагъуэу къысщохъу блэкІамрэ нобэмрэ, Урысейм и хэкупсэхэм я зэпыщІэныгъэр. Дэ дрогушхуэ ди щІалэхэм я хахуагъэм. Абыхэм я унэ, я щІэблэ, я унагъуэ яхъумэ. Ахэр псори зэзыгъэуІужыр я Хэкум хуаІэ лъагъуныгъэрщ. Апхуэдэ щІэблэ хахуэхэр зэрыдиІэр зи фІыгъэр, шэч хэмылъу, ахэр зыгъэса адэхэращ. ФІыщІэ ин фхудощІ». Егоровэм дыщІигъуащ зи бын зыфІэкІуэдахэм я гуауэр зэрадигуэш, республикэр дзэ Іуэху хэхам хэтхэм адэкІи зэрадэІэпыкъунур.

Гъэлъэгъуэныгъэм кърагъэблэгъа адэхэм КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и ФІыщІэ тхылърэ хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и фІыщІэрэ иратащ.

- ПсалъэкІэ къыпхуэмыІуэтэнщ нобэ дыщІызэхуэсам и мыхьэнэмрэ и лъапІагъэмрэ. Мыбдежым щызэхуэхьэса сурэтхэм иджыпсту сыщеплъым, сигу къэкІыжащ «Полк уахътыншэр» - Хэку зауэшхуэм хэта ди адэжьхэм я сурэтхэр къыщытІэтыр. Ауэ абы мыр къызэрыщхьэщыкІыр иджы адэхэм я къуэ пажэхэм я сурэтхэр зэраІыгъырщ. Ар икъукІэ хьэлъэщ. Ди лІыхъужьхэр цІыхубэм зэи ящыгъупщэнукъым. Егоровэ Татьянэ зэрыжиІащи, мы Іуэхур КъБР-м и Лъэпкъ музейм Дзэ щІыхьым и пэшым къызэрыщызэІутхым сэри мыхьэнэ иІэу къызолъытэ, абы къегъэлъагъуэ япэ итахэм я щапхъэр щІэблэм зэраІэщІэмыхуар, - жиІащ Къуэшырокъуэм.

ЛІыхъужьхэр зыгъэса адэанэхэм фІыщІэ псалъэкІэ захуигъэзащ Дадэ МуІэеди. Абы жиІащ «ЛІыхъужьым и адэ» сурэт гъэлъэгъуэныгъэр мазэкІэ зэрекІуэкІынур, ар зэхуащІыжмэ, лэжьыгъэхэр «Хэкум и хъумакІуэхэр» щІыналъэ фондым зэрагъэІэпхъуэнур. Абы дыщІигъуащ выставкэм республикэм и район псоми я щІалэгъуалэр къашэну, ирагъэплъыну зэрыщыгугъыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Жылагъуэ палатэм

ДиIэну дэ езым телеканал щхьэхуэ?

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал телевиденэр «формат псо» жыхуаIэм хуэныкъуэщ. Ар къыщыхагъэщащ республикэм и Жылагъуэ палатэм иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэм.

ЩIЫНАЛЪЭМ и къэрал телевиденэм адэкIи зиужьынымкIэ зыхущыщIэм щытепсэлъыхьын папщIэ, республикэм и Жылагъуэ палатэм щызэхуэсат властым щыщхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щылажьэхэр.

Жылагъуэ палатэм щэнхабзэм зиужьынымкIэ, псэкупсэ щIэиныр хъумэнымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ и комиссэм и унафэщI Накуэ Феликс къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ къэралым зыхуигъэувыж къалэнхэр, зыхуей-зыхущыщIэхэр лъэныкъуэ псомкIи къызыхуэтыншэу гъэзэщIа хъунымкIэ щIыналъэ-щIыпIэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр зэрыщыIэм мыхьэнэ ин зэриIэр.

- ЩIыналъэхэм я хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр, щIэупщIэ нэхъ зэриIэм къыхэкIыу телевиденэр а псоми япэ иту, зэуIуу зэдэлажьэмэщ дэ щыхьэт дыщытехъуэфынур хэгъэгухэм хъыбархэр зэрыщызэбграгъэх Iэмалхэр ирикъуу къызэрыщызэгъэпэщам, апхуэдэуи УФ-ми абы и щIыналъэхэми щэнхабзэ, социальнэ-экономикэ, жылагъуэ-политикэ я лъэныкъуэкIэ дяпэкIи заужьынымкIэ гъуэгугъэлъагъуэ зэрыдиIэм, - къыхигъэщащ Накуэ Феликс.

«КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Дзыгул МуIэед зэрыжиIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым бжыгъэхэм тет и теленэтынхэр каналитIкIэ, 21-мрэ 34-мкIэ, къыщат. Мультиплекс щIыкIэм тет мыдрей и нэтынхэри «Россия-1», «Россия-24» телеканалхэм, хэчыхьа щIыкIэр и гъуаззэу, пычыгъуэ-пычыгъуэкIэрэ зэрыдагъэувэж Iэмалхэмкlэ къащыхуогъэлъагъуэ. Радиом и гугъу тщIымэ, а щIыкIэм тету, «Радио России», «Маяк», «Вести ФМ» каналхэмкIэ республикэм и макъыр «щызэхыдох».

«Аналог» къэтыкIэмкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» телеканалым республикэм щыпсэухэм ящыщу къыхузэщIэубыдэр и процент 71,3-рэщ. Нэтынхэр къат «МИР 24» урысейпсо IуэхущIапIэм ди щIыналъэм хухиха 49-нэ телечастотам тету (махуэ къэс - сыхьэти 8-кIэ, тхьэмахуэм - сыхьэт 56-кIэ).

А каналымкIэ къагъэлъагъуэхэр щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ щызэлъащIысыфын хуэдэу, республикэм телестанцу 6 щагъэуващ: Налшык къалэ (киловатт 1 и лъэщагъыу), Сэрмакъ къуажэм деж (ватт 250-рэ и лъэщагъыу), Къулъкъужын Ищхъэрэ и Iэгъуэблагъэм (ватти 100 и лъэщагъыу), Джэрпэджэж жылэм и гъунэгъуу (ватти 100 и лъэщагъыу), Зеикъуэ и Iэхэлъахэм (ватти 100 и лъэщагъыу), Бахъсэн Ипщэ и гъунэм (ватти 100 и лъэщагъыу).

- Дэ къыдгуроIуэ телесигналхэр щызэбгрызыгъэкIыу Налшык къалэм дэт Iэмэпсымэ (передатчик) нэхъыщхьэр зэхъуэкIын зэрыхуейр, хухаха и пIалъэр зэрикIам, республикэм и щIыналъэр къызэщIэубыдэнымкIэ и къарур зэрыпэмылъэщыжым къыхэкIыу. КъинэмыщIауэ къыдолъытэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым телеканал щхьэхуэ диIэн хуейуэ, щIыналъэм щызекIуэ къэралыбзэхэмкIэ, жэщ-махуэ имыIэу, лэжьэн хуэдэу. Тележурналистхэм абыкIэ къахуэтынущ икIи къахуэгъэлъэгъуэнущ щIыпIэдэлъху лъэпкъхэм ижькIэрэ къыддекIуэкI хабзэ-бзыпхъэ екIухэр, тхыдэм щыщ напэкIуэцIхэу дызэкъуэзыгъэувэхэр, ди пшыналъэхэр, къэфэкIэ дахэхэр, сабий джэгукIэхэр, ныбжьыщIэхэр зэрагъасэ нэщэнэхэр, ди япэ итахэм къытхуагъэна щапхъэ дахэхэр, щIыналъэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ ди зэфIэкIыр, нэгъуэщI абы хуэдэхэри, – щыжиIащ зэIущIэм и кIэухым КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Туменов Мурадин.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Ди газетыр зауэм и лъэхъэнэм

ЗауэлIхэм къабгъэдэкI письмохэр

Хэку зауэшхуэр щекIуэкIым «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» (иджырей «Адыгэ псалъэ») газетым къытехуа тхыгъэхэм пыдощэ. Нобэ фи пащхьэ идолъхьэ фронтым къратхыкIа письмохэм щыщхэр.

* * *

Сэ сызыщалъхуа си хэкум ис си адэ, анэхэм, си къуэшхэм, си шыпхъухэм си сэлам гуапэр ныфхузогъэхь Отечественнэ зауэ иным и фронтым никIыу.

Дыщэм нэхърэ нэхъ лъапIэ си Хэкур махуэ зыбжанэкIэ нэмыцэ-фашистхэм я бэлыхьым фыхэтащ. Абы ди хэкум къыращIыхьа хьэкIэкхъуэкIагъэхэм нэхъри сыкъызэщIигъэплъауэ, а хьэкIэкхъуэкIэхэм зи лIыгъэкIэ факъыIэщIэзыгъэкIыжа Краснэ Армэм сыхэту, сэри фэр папщIэкIэ лъы сощIэж, фашистыжь зыбжани Iузогъэк I. ДияпэкIи нэхъыбэж бий бзаджэм щыщу зэрызукIынуми зыхузогъэхьэзыр.

Сэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Зэикъуэ къуажэм сыщалъхуащ. Сыкъэзылъхуа фэ фи напэр сымыгъэукIытэу нобэм къэскIи созауэр, дяпэкIи сызэуэну фыкъызогъэгугъэр.

Нобэм къэскIэ зауэм мыхуэмыху дыдэу сызэрыхэтам къыхэкIкIэ ВКП(б)-м члену сыхагъэхьащ. Мы сыхьэтым деж зы ротэм сырикомандирщ икIи сы лейтенантщ.

Аращи фызогъэгугъэр дияпэкIи фашистыр щысхь имыIэу сыукIыну. Абы теткIэ зэрыхэкууи, къуажэ сызыщалъхуами сэлам гуапэ фызохыр.

ЩОМАХУЭХЭ Абдурэхьим.
Полевая почта №45954 А
1943 гъэ, июным и 22

Щомахуэ Абдурэхьим фронтым къритхыкIа письмом пэджэжат и къуажэгъухэр. Мис газетым къытехуа а тхыгъэри:

Отечественнэ зауэ иныр Ди Краснэ Армэм нэмыцэ фашистхэм зэрыращIэкIрэ илъэситI щырикъу махуэм ирихьэлIэу фронтым къикIыу Баксанскэ районым щыщу Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуа Щомахуэ Абдурэхьим и узыншагъэ письмор июным и 22-м, Отечественнэ зауэ иныр илъэситI щырикъу махуэм адыгэбзэ газетым иту къытIэрыхьащ.

Нобэ, июным и 24-м военнэ комиссэм къекIуэлIа военнэобязаннэхэу допризывникхэр, Отечественнэ зауэм никъуэдыкъуэ хэхъухьахэр, нэгъуэщIхэри а узыншагъэ письмом куэду ину дыщыгуфIыкIыу дыкъеджащ.

А письмо дыкъызэджам комиссэм дыкъекIуэлIа псори ину дохъуапсэр, ди ныбжьэгъуфI дэ къыддалъхуа Абдурэхьим лIыгъэшхуэ хэлъу, лейтенант цIэри Отечественнэ зауэ иным хэту бийр иукIкIэрэ къызэрихьам, абы хуэфащэу цIэр зэрызэрихьэм.

Мы письмом едэIуа псоми къабгъэдэкIыу ди ныбжьэгъу Щомахуэ Абдурэхьим зыщалъхуа къуажэм дэс псоми я цIэкIэ ину дохъуэхъу абы и жэуапуи мыхэр идот:

Дэ нобэ Отечественнэ зауэм и фронтым Iэщэ тIыгъыу дыIуткъым, ауэ дэ дызыIут мэкъумэш лэжьыгъэ IэнатIэм фIы яфIыжу делэжьынщ. Товарищ Сталиным и первомайскэ приказыр гъэзэщIэнымкIэ дэ военнэобязаннэхэри, дэ динэмыщIауэ колхозникхэу, колхозницэхэу, нэгъуэщI гуащIэрыпсэу цIыхухэу дэс псори дызэакъылэгъуу дгъэзэщIэнщ. Абы хуэдэ къабзэу нобэ мы комиссэм дыкъекIуэлIа псоми къалэн быдэ зыщыдощI мы гъэм и кIуэцIкIэ щIым гъавэ бэв дыдэ къытетхыну, абы къыдэкIуэу ди къуажэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыдащIыхьа зэраныгъэхэри икIэщIыпIэкIэ зэдгъэпэщыжыну.

Дэ къыддалъхуа ди ныбжьэгъуфI лейтенант Абдурэхьим, уи жэуапым хэтыну уи гуапэ хъуну ди гугъэщ уэ зи узыншагъэрэ зи лэжьыгъэкIэ укъызыщIэупщIа уи анэдэлъху колхозым и псэукIэр пщIэну. Ар зэрыщытыр мыбы хуэдэущ: хадэ пщIэныр икIэм нэдгъэсащ; мэкъу пыупщIыным щIэддзащ. Колхозым лIэужьыгъуэу хэтлъхьа псори бэгъуащ.

Аращи, дэ ди ныбжьэгъу пэж, советскэ Родинэм и къуэ пэж, къызыщалъхуа Къэбэрдей хэкур фIыуэ зылъагъу, абы и щIыхьыр зыгъэпэж, ди къуэш лъапIэ, узыншагъэр уиIэну дынохъуэхъу.

Дэри зэман кIэщIкIэ Краснэ Армэм дынэкIуэну зыдогъэхьэзыр, уэ пхуэдэуи дэри зыдгъэсэнщи Родинэр фIыуэ тлъагъуу зауэлI дыхъунщ. Ди щIы кIапэм къытехьа бийр зэтедукIэнщ. Нобэм къэскIэ нэмыцэ фашистхэм я бжьым щIэт ди къуэшхэри, ди шыпхъухэри къанэ щымыIэу щхьэхуит къэтщIыжынщ.

Иугъащlэ Краснэ Армэм!

Письмом едэIуахэм я цIэкIэ.

ХАФИЦОВ Мусабий.
1943 гъэ, июлым и 3

* * *

Германскэ фашизмэ бий бзаджэм езауэныгъэм и кIуэцIкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр народ лIыхъужьым и бын Канкошев Ахмет-Хан Таловичым къигъэлъэгъуащ мышынэжыныгъэрэ хахуагъэрэ.

Ар зыхуэфащэу зыхэт Гвардейскэ авиачастыр иропагэр абы мышынэжу зэрихьэ лIыхъужьыгъэхэм. Бийм мызэ мытIэу игъэунэхуащ Канкошевым Iэзагъэ ин хэлъу и лъатэкIэхэр. Абы и фочауэ Iэзагъым и мафIэхэмкIэ фашист бийм хьэуа зауэхэм гужьеигъуэ щарет. Хэку зауэм и ЛIыхъужь Канкошевым и цIэр фронт псоми щацIыхур. Ар зауэм зэрыхэта лъэхъэнэм и кIуэцIкIэ 100-рэ ехъулIэныгъэ хэлъу лъэтащ. Хьэуам и кIуэцIкIэ бийм гуащIэу щызыпэщIисэкIэрэ зэрызурэ бийм и кхъухьлъатэу 8 къыриудыхащ, гупым хэтуи 2 къыриудыхащ, кхъухьлъатэу 5-м сэкъат яритащ. Гвардий лейтенант Канкошевыр псом щыгъуи хуэмыдэжу Кубаныр щхьэхуит къэщIыжыныгъэм щыщIэзэуахэм и кIуэцIкIэ къыщыхэжаныкIащ.

1943 гъэм июным и 3-м истребитель гуп - 6 хъууэ, езыр я командиру къэлэн къыхуащIат щIым тет дзэр бийм и кхъухьлъатэхэм щахъумэну. Н-скэ районым деж ямыщIэххэу бийм и бомбардировщикхэр 100 хъууэ истребителхэри я хъумакIуэу къащхьэщыхьащ. Ахэр IэджэкIи зэрынэхъыбэм папщIэкIи къимыгъанэу гвардий лейтенант Канкошевыр бийм атакэу еуэну мурад быдэ ищIащ.

ЛъэтэкIэм хуэIэзэ, гушхуэныгъэ, лIыхъужьыгъэ зыхэлъыр мыпIащIэу хуейжьэри Сталинскэ бгъэхэм ехъулIэныгъэ ин къаригъэхьащ. Хьэуа зауэр дакъикъэ 20-кIэ екIуэкIащ, а зауэм и кIуэцIкIэ бийм бомбардировщикыу 3-рэ истребителу 2-рэ щыфIэкIуэдащ. Гвардий лейтенант Канкошевым къылъысу зы истребитель къыриудыхащ, нэгъуэщI истребитель (МЕ-109 Ф) зэраныгъэ иритащ. Канкошевым и гупым зыри яхэщIакъым.

Гвардий лейтенант Канкошевым и лIыхъужьыгъэ зауэкIэм хуэфащэ пщIэ командованием хуищIри правительственнэ наградэ ин - «Краснэ Знамя» орден наградэу къыратащ. Коммунист Канкошев Ахмет-Хан Таловичым псалъэ быдэ итащ, хьэкIэкхъуэкIагъэ хэлъу фашистхэм абы и шыпхъуитI яукIам папщIэкIэ и псэр пытыхукIэ щIэмычэу а фашистхэр езымикI иукIыжыну. А псалъэ быдэр коммунист Канкошевым щIыхь пылъу егъэзащIэр.

ЗауэмкIэ и товарищ летчик гуп. 1943 гъэ, сентябрым и 5.

Гу зылъытапхъэ

Тхыгъэхэм иджырей ди пэжырытхэм, стилистикэм темыхуэ куэд хэтщ, ауэ ахэр зэдмыхъуэкIыжмэ нэхъ тэмэму къэтлъытащ.

Тхыгъэхэр газетхэм къизыхыжар **УЭРДОКЪУЭ Женяц.**

Улахуэм хохъуэ, и чэзуми яIэрохьэ

Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм къызэритамкIэ, 2024 гъэм и щIышылэ - дыгъэгъазэ мазэхэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм улахуэу ипэжыпIэкIэ къаIэрыхьар ику иту сом 45027,5-рэ хъуащ. Ар процент 15,9-кIэ нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым нэхърэ.

ПОТРЕБИТЕЛЬСКЭ уасэхэм я индексым зэрыхэхъуэр къэплъытэмэ, цIыхухэм ипэжыпIэкIэ къаIэрыхьэ улахуэм процента 108-кIэ хэхъуащ, 2023 гъэм и щIышылэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм елъытауэ.

2024 гъэм и щэкIуэгъуэм цIыхухэм къаIэрыхьэ улахуэр ику иту сом 46750,9-рэ хъуащ икIи ар процент 13,4-кIэ нэхъыбэщ 2023 гъэм и апхуэдэ пIалъэм зэрыщытам нэхърэ е проценти 2,2-кIэ нэхъыбэщ илъэс блэкIам и жэпуэгъуэм щыIахэм ебгъапщэмэ.

2025 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIакъым улахуэхэмкIэ щIыхуэ зытелъа IуэхущIапIэ. Ар и щыхьэтщ цIыхухэм я лэжьапщIэр етыныр республикэм никъусаныгъэншэу зэрыщызэтегъэувам, абыхэм якIэлъыплъ къэрал IэнатIэхэми я лэжьыгъэр тэмэму зэрырагъэкIуэкIым.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Я еплъыкIэр гъэщIэгъуэнщ

«INSA» къэхутакIуэ компанием иджыблагъэ иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Германием щыпсэухэм я процент 46-р хуейкъым ФРГ-м и правительствэщIэр Киев мылъкукIи IэщэкIи дэIэпыкъуэгъу хуэхъуну. Абы щыгъуэми къэралым и цIыхухэм я процент 28-р сыт и лъэныкъуэкIи Украинэм зыщIэгъэкъуэным и телъхьэщ.

ЩIЭУПЩIЭНЫГЪЭМ хэтахэм я процент 15-м хуащIэну дэIэпыкъуныгъэм теухуауэ я еплъыкIэхэр зэщхьэщокI. Апхуэдэу проценти 7-р мылъкукIэ зыщIагъэкъуэным и телъхьэщ, проценти 8-м Киев IэщэкIэ дэIыгъыным трагъэщIащ. ГъэщIэгъуэнщ упщIэкIэ зызыхуагъэзахэм я проценти 6-м абы жэуап зэрырамытыжар, проценти 3-м а Iуэхум абыхэм я дежкIэ мыхьэнэ имыIэу къызэралъытар.

Украинэр мылъкукIи IэщэкIи дэIыгъын Iуэхур къызэтегъэувыIэным нэхъыбэу и телъхьэр щIалэгъуалэмрэ цIыхубзхэмрэщ.

Зэхъуэк1ыныгъэхэр щыIэнукъым

«Рособрнадзор»-м и унафэщI Музаев Анзор Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр мы гъэм зэрырагъэкIуэкIынум теухуа пресс-конференц иригъэкIуэкIащ. Экзаменхэр ятынущ цIыху мин 716-м щIигъум, абыхэм ящыщу мин 641-р мы гъэм 11-нэ классыр къэзыуххэрщ. Къэпщытэныгъэхэр щекIуэкIынущ Урысейм и хэгъэгу 89-м, апхуэдэу хамэ къэрал 54-м.

МУЗАЕВЫМ къызэрыхигъэщамкIэ, Iэмал имыIэу ятын хуей урысыбзэмрэ математикэмрэ нэмыщI, нэхъыбэм къыхахыр обществознание (процент 42,37-м), информатикэ (процент 21-м), биологие (процент 19,77-м) предметхэрщ. Апхуэдэу физикэмрэ химиемрэ зытыну зи мурадхэр мы гъэм нэхъыбэщ.

2025 гъэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэрекIуэкIынум зэхъуэкIыныгъэ иIэнукъым. Ныбжьыщ Iэм аттестат къихьын папщIэ, урысыбзэмрэ математикэмрэ ехъулIэныгъэкIэ итын хуейщ, адрей предметхэр зыщIэтIысхьэну еджапIэм елъытауэ езым и фIэфIыныгъэкIэ къыхихыу аращ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр Урысейм и щIыналъэщIэхэми зэрыщекIуэкIынур. Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм, Запорожье, Херсон областхэм я курыт еджапIэхэр мы гъэм къаухынущ ныбжьыщIэ мин 20-м. Абыхэм ящыщу цIыху 2428-м зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ятыну гупыж ящIащ.

Мазаем и 27, *махуэку*

♦**Мыщэ хужьым и дунейпсо махуэщ**
♦**Правительствэм и нэIэ щIэмыт зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм щытыкIэ хэхам деж къагъэсэбэп и къарухэм я махуэщ**
♦**1945 гъэм** Мэсей Аслъэнджэрий «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр къыфIащащ.
♦**1940 гъэм** къалъхуащ шэрджэс сурэтыщI **Мэзукъэбз Хьэзрэт**.
♦**1941 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, УФ-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубэ артист, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Гъуэт Хъусин**.
♦**1958 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, ДАХ-м и вице-президент **КIэкIыхъу Мэжид**.
♦**1973 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ **КъумпIыл Мурат**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 3 - 1, жэщым градуси 7 - 4 щыхъунущ.

Мазаем и 28, *мэрем*

♦**Куэдрэ узримыхьэлIэ узыфэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**ЦIыхур жеиным и дунейпсо махуэщ**
♦**1937 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ-уэрэдус цIэрыIуэ **Къанкъул ФIыцIэ**.
♦**1942 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Сонэ Абдулчэрим**.
♦**1955 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат **Щэрдан Нодар**.
♦**1957 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Уэтэр МуIэед**.
♦**1958 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБКъМУ-м и ректору щыта, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Жэрыкъуэ Борис**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 4 - 3, жэщым градуси 7 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Акъыл зимыIэм насып иIэкъым.

Хъыжьрокъуэ Уэрий и хъыбар

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Хъыжьрокъуэ Азэмэт езым и унэкъуэщ, XVII лIэщIыгъуэм псэуа адыгэлI цIэрыIуэ Хъыжьрокъуэ Уэрий теухуа хъыбар гъэщIэгъуэн игъэхьэзыращ.

Шэрихьэтыр бгъэлъэпIащ,
хабзэ дахэ уэ пхэлъащ.
ЛIыхъужь екIуу ущытащ,
Хъыжьрокъуэхэ уракъанщ.
Уи пщIэр лъагэу яIэтащ,
Уэрий Дадэ къыпфIащащ.

ЗЭРЫХУАГЪЭФАЩЭМКIЭ, Хъыжьрокъуэ Уэрий дунейм 1637 - 1639 гъэхэм къытехьащ, Къэбэрдей щIыналъэм и къуэпсым зиубгъун щыщIидза Махуэгъэпс къуажэм деж. И адэ-анэм ар зэрыцIыкIурэ лIыгъэм, щэныфIагъым, диным тIкIийуэ хуагъасэу къагъэтэджащ. Хъыжьрокъуэхэ ислъам диныр пасэу къэзыщта лъэпкъыжь дыдэу къалъытэ. Сыту жыпIэмэ, Хъыжьэ зыфIаща цIыху гъуэзэджэр Тамбий Къэбардэ и гъусэу Лабэпс Iуфэм къикIахэм язщ, мобы Къэбэрдейр тIысыпIэ ищIын ипэ. Арати, абы къытехъукIахэр Хъыжьрокъуэ хъуащ, унэцIэм Адыгэ Республикэми куэдрэ ущрохьэлIэ. Лъэпкъыр къызытехъукIа лIыр пхъашэу зэрыщытар езым и цIэми къыбжеIэ.

Нобэ зи гугъу тщIы Хъыжьрокъуэ Уэрий Тыркум, а лъэхъэнэм - Уэсмэн империем, Мысырым ягъакIуэри, дин щIэныгъэ къыздрихар а щIыпIэхэращ. Адыгэ мамлюкхэм цIыхугъэ яхуэхъуа щIалэм 1667 гъэм Хэкум къигъэзэжри, Хьэмгъурокъуэ Едыдж и къуажэм шэрихьэтымкIэ судыщIэу щылэжьащ. А къулыкъур Уэрий 1737 гъэм Къэтыкъуэ Аслъэнбэч IэщIилъхьэжауэ щытащ. Уэрий хэтащ 1708 гъэм екIуэкIа Къэнжал зауэми. Дунейм щехыжар 1741 гъэрщ. Езым и ныбжьыр абы щыгъуэм илъэси 102-м щIигъуат. Уэрий и суд щIэкIэр IуэрыIуатэм къыхощыж. Абыхэм ящыщу нэхъ цIэрыIуэр бжэным и судыр зэрищIарщ. Хъыбарым ар къызэрыхэщыр Уэрарэ цIэмкIэщ.

Уэрий и хейщIэкIэр

Зэгуэрым, Жэбагъы бжэныхъуэ къикIыжауэ, ар здэщыIэ пщыIэм тес пщылIым пщыхьэщхьэ хъуауэ къыхидзащ:

- Нобэ ди жылэм Уэрарэ бжьахъуиплIым яхуэхеящIэри, бжьахъуищыр гуфIэжу, еплIанэр гуIэжу иутIыпщыжащ.

- Ар сыт щхьэкIэ? - щIэупщIащ Жэбагъы. ПщылIым къригъажьэри къиIуэтащ бжьахъуиплIым я Iуэху зытетыр. Уэрарэ и хейщIэкIэм псори едэIуа нэужь, Жэбагъы хуэмышэчыжу жиIащ:

- Хьэлэмэтщ а Уэрарэ и хейщIэкIэр. Хейр егъэмысэри, мысэр егъэхей.

Ар жиIэри, кIуэри гъуэлъыжащ. Куэд дэмыкIыу, Уэрарэ зэхихыжащ и хейщIэкIэр Жэбагъы зи цIэ гуэрым ауан зэрищIыр. Арати, губжьащ:

- Хэт сэ сызыубыр, хэт сэ щхьэкIэ «хейр егъэмысэри, мысэр егъэхей» жызыIэр?! - щIэупщIащ Уэрарэ.

- Къэзанокъуэ Жэбагъыщ, - жраIащ абы.

- Ар езыр хэт?

- Хьэмгъурокъуэ Едыдж и бжэныхъуэщ.

- Арат иджы къэнэжар, ауэ и гъунэм къыдэвыкIа бжэныхъуэжь цIыкIу къыстепсэлъыхьу.

- Ар бжэныхъуэ щхьэкIэ, зы Iущыжь цIыкIу гуэру жаIэ.

- Сыт жаIэр? Сэ, илъэс щэ ныкъуэм щIигъуащи, Къэбэрдей мэхъчэмэр зызохьэ, алъандэрэ си хейщIэкIэм зыми зыри дигъуакъым, - илъащ, ипкIащ Уэрарэ.

ЛIы губжьар шэсри ежьащ икIи Тхьэ иIуащ: «Сэ мы дунейм сытемытын а бжэныхъуэжь цIыкIуу Жэбагъы зи цIэр къэзмыгъуэтауэ, си хейщIэкIэм абы дигъуар къезмыгъэIуэтауэ».

Ежьэщ Уэрари, губгъуэхэр къызэхикIухьурэ, бжэныхъуэ, мэлыхъуэ хуэзэмэ, щIэупщIэурэ, Хьэмгъурокъуэ и хъушэм нэсащ. И ныбжькIэ щIалэу бжэныхъуэ гуэр щыхуэзэм, щIэупщIащ:

- Ей, щIалэфI, Хьэмгъурокъуэм и бжэныхъуэр умыцIыхуу пIэрэ?

- Хьэмгъурокъуэм бжэныхъуэ Iэджэ иIэщ, дэтхэнэра узыщIэупщIэр? - жиIащ бжэныхъуэ щIалэм.

- Жэбагъыкlэ зэджэрщ сызыхуейр.

- Жэбагъыи? АтIэ, ар сэращ.

- Сыту фIыт! Сэ сы-Уэрарэщ, уи деж сыкъэкIуащ.

Уэрарэ апхуэдэу щыжиIэм, Жэбагъы абы и лъэрыгъыр иубыдри къригъэпсыхащ.

- Уезгъэблэгъэнути, сыхьэщIэщыншэщ, узгъэтIысынути, сыгубгъуэнэщIщ, зумысыгъуэджэмэ, мы си къэлътмакъым кхъуей Iыхьэ илъщи, схуэхьэщIэ.

- Хьэуэ, - жиIащ Уэрарэ, - сэ сыпхуэхьэщIэну укъэслъыхъуакъым.

- Уи жыыщхьэ зэрупэсщ, - жиIащ Жэбагъы.

- Сэ IуэхукIэ сыпхуейщ. Уэра жызыIэр «Уэрарэ хейр егъэмысэри, мысэр егъэхей» жыпIэу?

- Сэращ.

- Сыт абы къикIыр?

- Уи хейщIэкIэр мыхъуауэ аращ.

- Iэу, ар дауэ хъунт? Сэ, илъэс щэ ныкъуэм щIигъуащи, Къэбэрдейм хейщIакIуэу сраIэщ. Алъандэрэ зыми зыри къыздигъуакъым.

- АтIэ иджы сэ бдызогъуэ.

- Къызжеlэ, сыт дэбгъуэр си хейщIэкIэм?

- Хейр угъэмысэри, мысэр угъэхей.

- КъызжеIэт мысэр зэрызгъэхейр.

- Ар бжесIэн щхьэкIэ цIыхухэр зэхуэшэсын хуейщ.

- Сыт щхьэкIэ?

- Уэ бжьахъуиплIым узэрахуэхеящIар зэрымыхъуар цIыхухэм яхуэсIуэтэн щхьэкIэ.

- Арыншэу хъунукъэ?

- Хъунукъым, - жиIащ Жэбагъы. - Хасэ щIыи, а зэIущIэм щыжысIэнщ уи хейщIэкIэр зэрымыхъуар.

Арати, абдежым цIыхухэр мэхъчэмэм къыщекIуэлIэн хуей пIалъэр ягъэувщ, зэгурыIуэхэри, Уэрарэ ежьэжащ. «Уэрарэ и хейщIэкIэр Хьэмгъурокъуэм и бжэныхъуэм икъутэну хасэ зэхуос», - щыжаIэм, а хъыбарыр дууэ Iуащ. А хасэм емыкIуалIэ къэнэнт! Зи лъэ вакъэ изылъхьэфыр къызэхуэсащ, ини цIыкIуи къэмынэу. НэхъыжьыпIэм деж Уэрарэ щысти, абы къригъэжьащ:

- Сэ, илъэс щэ ныкъуэм щIигъуащи, фи хейщIакIуэу сыщытщ. Алъандэрэ зым и губгъэн къызэкIакъым, зыми дагъуэ къысхуищIакъым. Ауэ мис, иджы зы бжэныхъуэжь цIыкIу уэрэдрэ Iуданэу срихьэжьащи, сигу техуэркъым. «Уэрарэ хейр егъэмысэри, мысэр егъэхей» къысхужеIэ.

Абдежым нэхъ зылъэкIхэм ящыщ зыкъом къызэрыIэтащ.

- Хэтхэ я бжэныхъуэ?! Арат иджы къэнэжар, бжэныхъуэм унафэ къытхуищIу! Хэт ар езыр?

- Сэращ! - жиIэри, Жэбагъы утыкум къихьащ. Нэхъ зылъэкIхэр къеплъщ-неплъщ Жэбагъыи, ар и теплъэкIэ зэрыхэIущIыIу щыIэтэкъыми, нэхъеижу зэрыгъэбэтащ.

- АфIэкIа шэру зимыIэр Уэрарэ къыхуэпсалъэу ддэнкъым! Ауэ и гъунэ къыдэпща бжэныхъуэжь цIыкIум и псалъэ щхьэ къытхилъхьэхха?! – жаIэурэ зыкъом зэрыгъэкIийрт.

Арщхьэкlэ Жэбагъы шынакъым:

- Ямыгъэпсалъэ яукIыркъым. Жызвгъэлэт жысIэнур.

- Сыт абы жиIэнур? Жевгъэlэ, жевгъэlэ, - къызэрыгъэгуоуащ нэгъуэщI зыкъоми.

- Джэд джэдыкIэ игъэIущыжу флъэгъуа, сыт афIэкIа ныбжьифэбжьи зимыIэм дэ къыджепIэфынур?! - къилъащ Уэрарэ нэхъ тегъэщIауэ Iутхэр.

- И теплъэкIэ пщIэнукъым гууэкIуэцIылъыр, жевгъэIэ жиIэнур, - зэщIэтэджащ Жэбагъы и телъхьэхэр.

- Деплъынщ жиIэнум!

Къэзанокъуэ Жэбагъы, утыкум итыххэти, къригъэжьащ:

- Уэрарэ и хейщIэкIэр захуэкъым.

- Ар сыт щхьэкIэ?

- Iуэхум и пэр умыщIэмэ, и кIэри пщIэнукъым, - жиIащ Жэбагъы. - Сэ къызэрызжаIамкIэ, бжьахъуиплIым я Iуэхур зыIутыр мыращ. Гъатхэр хъууэ уэдыжьыхь мазэр къихьа нэужь, бжьахъуиплIым я бжьэр щхьэж и бжэIупэ Iутащ. Ауэрэ, накъыгъэ мазэр къихьэри, удзыр къэкIыу щыхуежьэм, бжьахъуиплIыр зэгурыIуэри, бжьэр губгъуэм дашащ. БжьахъуиплIым я къару зэхэлъкIэ зы бжьахъуэ пщыIэ яшащ, я бжьэри зэхэту а бжьахъуэ пщыIэм трагъэтыну зэгурыIуащ. Бжьэ къэушыгъуэр къэсыху, бжьэри чэзууэрэ яхъумащ. Аракъэ Iуэхум и пэжыпIэр?

- Аращ, - жиIащ Уэрарэ.

- Махуэ гуэрым, - жиIащ адэкIэ Жэбагъы, - мэз лъапэмкIэ чыцI чачэ макъ къыщыIуащ. БжьахъуиплIыр пщыIэм тежрэ нэсмэ - зы чыцI цIыкIу гуэр чачэу дыгъужьым ихьырт. БжьахъуиплIыр зэдилъри, чыцI цIыкIур дыгъужьым къыIэщIагъэхуащ. КъыIэщIагъэхури, пщыIэм къахьащ. ЧыцI цIыкIур пщыIэм къахьа нэужь, нэхъыжьыр къэпсалъэри: «Сэ фыкъызэдаIуэмэ, зы унафэ сщIынут. Мы чыцI цIыкIум плIыми ди Iыхьэ хэлъ хъуащ. Апхуэдэу шыщыткIэ, лъакъуиплIри ди зырызу дывгъэгуэш. ЧыцI цIыкIум и лъакъуиплIри пхъэидзэкIэ дгуэшынщ», - жиIащ. «ДыарэзыщI», - жаIащ адрей бжьахъуищым.

- Аракъэ Iуэхум и пэжыпIэр?

- Аращ, - жаIащ бжьахъуиплIым.

- Зэгуэрым, дыгъэпсу, хуабэу, бжьахъуиплIми я матэ тIурытIщырыщым къыдэкIа бжьэхэр я сэмбхэм хуамыгъэпсыжу пщыIэм IулъэтыкIауэ, бжьахъуиплIри абы я ужь иту, бжьэр тфIокIуэд жаIэу гузавэу къыздажыхьым, мыдэкIэ пщыIэм къыщIэна чыцI цIыкIур дэлъей-дэпкIейуэ джэгуурэ, и фIалъэ лъакъуэ ижьыр икъутэжащ. БжьахъуиплIыр пщыIэм техьэжмэ - чыцI цIыкIур щылът, и фIалъэ лъакъуэ ижьыр къутауэ. ФIалъэ лъакъуэ ижьыр зылъысар бжьахъуэхэм я нэхъ тхьэмыщкIэIуэ Ахьмэдти, сыт ищIэжынт? Лъакъуэ къутам пхъэщIэпхэ хуищIри, быдэу хъыданкIэ ипхэжащ.

Зы махуэ нэхъ дэмыкIыу, бжьахъуэхэр пщыIэм текIауэ, чыцI цIыкIур жьэгум дыхьащ. Ар жьэгум дэтурэ, хъыдан зэшэкIа лъакъуэ къутам мафIэ къыщIэнащ. ЧыцI цIыкIур, и лъакъуэм мафIэ щыщIэнэм, пщыIэм къыщIэжащ. МафIэм ирихужьа чыцIыр бжьэматэ шыкъум иржащ, мафIэ бзийр къыпылъэлъу. Ирижащ, кърижэжащ. Матэхэм ятепIа жьажьэм мафIэр куэдрэ щIэнэнт? Жьажьэр лыгъейм зэщIищтащ. А мафIэс гуащIэр бжьахъуиплIым щалъагъум, къыщIэпхъуащ. АрщхьэкIэ сыт и мыхьэнэжт: зы бжьэмати къэмынэу, псори мафIэм зэтрисхьащ. ЧыцI цIыкIури никъуэсу, и щхьэр мафIэм илыпщIауэ, и фIалъэ лъакъуэ ижьри исри зэлымпIыжауэ, щылът. Ар бжьахъуищым щалъагъум, жаIащ: «Дэ дызыгъэунэхъуар Ахьмэдщ, абы лъыса чыцI лъакъуэ къутарщ. А лъакъуэм мафIэ щIэнэри, мис аращ мафIэдз хъуар. Ахьмэд дытеунэхъуащи, ди пшынакIуэщ, хеящIэм деж дыкIуэнщ». Ар жаIэри, уи деж къэкIуащ.

- Аракъэ Iуэхур зэрыщытыр?

- Аращ, - жиIащ Уэрарэ. АдэкIэ къыжиIащ Жэбагъы:

- БжьахъуиплIыр уи пащхьэ къыщиувэм, уэ абыхэм я Iуэхур къызэрекIуэкIам ущIэдэIури, ухеящIэти, унафэ яхуэпщIащ лъакъуэ къутар зылъыса Ахьмэд бжьахъуищым я пшынакIуэу.

- Аращ, - жиIащ Уэрарэ. - Абы лъыса лъакъуэм мафIэ щIэмынатэмэ, бжьэматэхэр исынутэкъым. Лъакъуэ къутаращ псори зи зэраныр, лъакъуэ къутар зылъысам бжьахъуищым я мылъку мафIэм хисхьар ипшыныжын хуейщ.

- ЩIипшыныжын лъэпкъ щыIэкъым, - жиIэри къэуващ Жэбагъы.

- Уэ абы уриуэчылу ара? - жиIащ Уэрарэ.

- Сэ пэжым сриуэчылщ.

- А уэ жыпIэр пэжрэ сэ жысIэр пцIыуэ щхьэ къэплъытэрэ?

- ПцIыщи, - жиIащ Жэбагъы. - Уи хейщIафэр хъуакъым.

- Си хейщIафэм къуаншагъэу хэплъагъуэр къэIуатэ.

Уэрарэ апхуэдэу щыжиIэм, Жэбагъы еупщIащ Уэрарэ:

- Губгъуэм ит Iэтэр къыумышэмэ, къэкIуэну?

- Iэу, а жыпIэр сыт, Iэтэр къамышэмэ, къакIуэ хабзэ?

- Хьэдэр кхъэм ямыхьмэ, езыр кIуэну?

- Сыт хьэдэгъуэдахэ мыбы жиIэр!

- ЛIам хуэхеящIэрэ?

- Iэу, нэхъ гъэщIэгъуэныжи мыбы жиIэ делагъэр!

- Хьэуэ, ар делъагъэкъым! АтIэ, лIам цIыхур щыхуэмыхеящIэкIэ, апхуэдэ Iуэху къэхъуауи зыми щимылъэгъуакIэ, уэ сыт щхьэкIэ лIам ухуэхеящIэрэ? Арэфым хуэдэу укъуаншэщ. Ахьмэд лъыса лъакъуэр къутат, псэ хэтыжтэкъым. Абы мафIэ щIэнами, и пIэ имыкIыу исыжынут, ауэ зэран псори къэзышар а лъакъуэ къутар езыхьэжьэу матэ жьажьэхэм мафIэ яхэзылъхьарщ - лъакъуэ псэухэращ. Лъакъуэ къутар уэ мысэ пщIащ. Уэ уи хейщIафэм хужыпIэ хъунущ: «Хейр егъэмысэри, мысэр егъэхей». Аращ сэ апхуэдэуи щIыжысIар!

Абдежым цIыхуу къызэхуэса псоми зы жьэу зэдыжаIащ:

- Пэжщ Жэбагъы жиIэр, пэжщ!

Уэрарэ щыст, и щхьэр къыфIэхуауэ. Зыкъом дэкIа нэужь, и щхьэр къиIэтыжри жиIащ:

- Щымыуэ и щыуагъэ яшхрэ, жыхуаIэм нэхъей, сэ си щыуагъэ яшхын хуейуэ мы Iуэхум деж сыщыуат. Джэд нэхъ джэдыкIэ нэхъ Iущщ жыхуаIэм пцIы хэлъкъым. Мы щIалэм жиIэр пэжщ. Лажьэ псори езыхьэжьар лъакъуэ къутаракъым, атIэ адрей лъакъуищ узыншэхэращ. ПшынакIуэ хъун хуейри а лъакъуищыр зылъыса бжьахъуищырщ.

- Жэбагъы и хейщIэкIэр захуэщ, - жаIэщ абдежым къызэхуэса цIыхубэми, дяпэкIэ Уэрарэ и пащхьэ Iуэху ирамылъхьэжыну зыкъомым мурад ящIащ. А махуэм къыщыщIэдзауэ, Къэбэрдей псом Жэбагъы и хъыбарыр щыIуащ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Алэрыбгъу тхыпхъэм и фIыгъэкIэ

Молдавием и пащтыхь Лупу Василий (1595 - 1661) адыгэ пщащэ щхьэгъусэу зэриIам нэхъ пасэу и гугъу тщIауэ щытащ. Шэрджэс Екатеринэ цIэмкIэ тхыдэм къыхэна а цIыхубзым теухуа хъыбарым зригъэубгъуу, щIэуэ къытIэрыхьахэри гъэщIэгъуэнщ.

РУМЫНХЭМРЭ молдаванхэмрэ я тхыдэр зыуэ жыпIэ хъунущ, тIури зы лъэпкъщ, фIэщыгъэкIэ зэщхьэщыкIыу. Аращи, румын щIэнгъуазэм зэрыжиIэмкIэ, Черкеззэ Катеринэ дунейм щытетар 1620 - 1666 гъэхэрщ. БынитI къыщIэнэу дуней ехыжа и щхьэгъусэ Тудоску хуэщыгъуэн иуха нэужь, молдаван пащтыхьым и лIыкIуэхэр Адыгэ Хэкум игъэкIуащ, къэшэн къыхуалъыхъуэу. Тырку дуне-яплъэ Челебий Iэулия зэритхыжымкIэ, зи гугъу тщIы хъыджэбзым и анэр Хъуэжэ Мэхьмэт Пащэ Дэруиш жыхуаIэ Уэсмэн къэралыгъуэм и уэзирышхуэм (1653 - 1654) и щхьэгъусэу, и шыпхъур 1644 - 1654 гъэхэм къырым хъаныгъуэр зыIэщIэлъа Ислъам Джэрий и щхьэгъусэу щытащ. Абы къикIращи, молдаван пащтыхьым ишэну зыхуигъэфэща адыгэ пщащэри унагъуэ къызэрыгуэкI-тэкъым къызыхэкIар.

ГъэщIэгъуэныым щыщIидзэр нысашэр Къырым хытIыгуныкъуэм нашэса нэужьщ. Езы Молдавиер Тыркум хиубыдэу, адыгэпщхэр къырым султIанхэм я кIуэгъуужэгъуу зэрыщытам уеплъмэ, Iуэху къызэрыгуэкI хуэдэу щытт а зэманым хъаныгъуэр зыIэщIэлъа Бахъэдыр Джэрий къаIэта Iуэхум зэрыщыгъуазэр. Ауэ пщащэр Къырымым къранэн мурад къыщIызыкъуэхар нэгъуэщI щхьэусыгъуэт.

Къэхъуар нэхъ нэгъэсауэ къиIуэтэжащ а лъэхъэнэм а щIыпIэм щыIа Барси Никколэ. «Къэгъэззэжыгъуэр. 1639 гъэ» зыфIища гукъэкIыж тхылъым Барси щытопсэлъыхь «Адыгэ Хэкум щыщ нысащIэ дахащэр молдав господарым хуэзышэ Катаржи Енаки хуэзэну насып къызэрыхуихуам». «ЛIыкIуэм Адыгэ Хэкур зэрыщыту къызэхикIухьащ, а къэшэн дахэ дыдэр къигъуэтын ипэкIэ, - етхыж Барси. - Абы пщащэм и адэм дукат 1000, и анэм - 500, хъаным - 1000 яритащ. НысащIэр я гъусэу лIыкIуэхэр сэри сызэдэщыIэ Бахъшысэрей 1639 гъэм шыщхьэуIум и 19-м къэсри, хъаным и нэIэ щIэт цIыхуи 150-рэ зыхэт гупыр иджыри молдаван 60 ядэщIыгъуу Очаков быдапIэм пэгъунэгъуу щепсыхат. Арати, жэщым, сыхьэтитIым ирихьэлIэу, абыхэм я деж Силистрэм и пащэ Нэсухь Хъусейн и цIыхухэр йокIуалIэри, адыгэ пщащэр я тепщэм щхьэгъусэу къратыну унафэ ящI. Молдаванхэм я нэхъыжьым жэуап къарет: хъыджэбзыр пащтыхьым и къэшэнщ, къырым хъаным и анэмэтщ, ягъэпуду идэнукъым. Пащэм и лIыкIуэр цIыху губзыгъэти, молдаванхэм ящыщу цIыхуитI-щы и гъусэу ягъэкIуэну чэнджэщ яритащ, Нэсухь Хъусейн гурыIуэн папщIэ. «Муслъымэн диным ит хъыджэбзыр чыристан пащтыхьым щхьэгъусэ хуэхъункIэ Iэмал иIэкъым», - жиIэурэ шхыдэрт модрейр. Молданханхэм я лIыкIуэм хъыджэбзыр зэрычыристаныр щыжиIэм, я фIэщ хъуакъым. Iуэхур зэхагъэкIын папщIэ, адыгэ пщащэм аргуэру лIыкIуэ хуагъэкIуэну мурад ящI. Молдаван лъыхъухэм хъыджэбзыр тыркухэм къырамыгъэгъуэтын щхьэкIэ, гуимэ гъэщIэрэщIам къырагъэтIысыкIри шэрхъитI зыщIэт гу къызэрыгуэкIым ирагъэтIысхьат. ИтIани, ар къагъуэтам къыщымынэу, абы ехъуэпса пащэм пщащэм пиубыдащ зэрымуслъымэнымкIэ зыкъиумысыну. ЗылъэгъуахэмзэраIуэтэжымкIэ, пщащэм гъуэгыурэ тхьэ иIуэрт жаIэ, сычыристанщ жиIэурэ. НэгъуэщIу щымыхъум, молдаван лIыкIуэхэм я зиусхьэным хъыбар ирагъэщIащ. Лупу Василий хъаным къелъэIуа нэужь, абы пащэм лIыкIуэ хуегъакIуэ, хъыджэбзыр зэрычыристаным нэмыщI, молдаван пащтыхьым и къэшэнщи, зэран ухуэмыхъуу и гъуэгур къыхузэIух, жиIэу. Лупу Василий пщащэм ехъуэпса пащэм дукат 3000 къыхуригъэхьа нэужьи, мыдрейм иджыри зрилъэфыхьырт. Ауэ тырку сультIаным и лIыкIуэхэри къэсу, пщащэр ямыутIыпщмэ, укIкIэ тезыр зэрытралъхьэнумкIэ хъыбар ирагъэщIа нэужь, адыгэ хъыджэбзыр къызэрылъымысынур къызыгурыIуа Нэсухь Хъусейн иджыри дукат 2000 иратыну япиубыдри, нысащIэр адэкIэ яшэну хуит ищIащ».

НэгъуэщI хъыбари щыIэщ мы Iуэхур зэриухам теухуауэ. Молдаван пащтыхьым и къэшэныр арэзы ящIын папщIэ, пщылI хуэдэу, Iэпыдзлъэпыдзу зы цIыхубз къратат. КъызэрыщIэкIамкIэ, Молдавием щыщ нанэр ныбжьыщIэу къырахьэжьэри, хъаным и пщылI хъуауэ арат. ХэкIыпIэ зымыгъуэт, къалэмрэ тхылъымпIэрэ къигъэсэбэпыну Iэмал зимыIэ адыгэ пщащэм а цIыхубзым чэнджэщ къритащ нэгъуэщI гъуэгукIэ и псэлъыхъум зыпищIэну. ЦIыхубзитIыр цыджым бгъэдэтIысхьэри, жэщи махуи замыгъэпсэхуу, алэрыбгъу телъыджэ ящIащ. ХащIыхьа тхыпхъэхэмкIэ щытыкIэ гугъусыгъу зэрихуамкIэ молдаван пащтыхьым хъыбар ирагъэщIэу арат цIыхубзхэм. Розэ плъыжьхэм уэсэпсыр нэпсу теткIуэу хащIыхьащ а тIум алэрыбгъум. Нанэм Молдавием щыщ сатуущIэ къигъуэтри, нысащIэмрэ езымрэ ящIа алэрыбгъур пащтыхьым хуихьыну гурыIуащ. Чэнджэщэгъу Iущхэм къаухъуреихь молдаван пащтыхьыр куэдрэ егупсысакъым къыхуахьа тыгъэм тещIыхьа тхыпхъэм и мыхьэнэм. Зэман кIэщIым нысащIэр хуит къащIыжри, адыгэ пщащэр молдовэ гуащэ хъуащ. Апхуэдэ щIыкIэу, и лэгъунэм и пщIэр езы хъыджэбзым къилэжьыжащ.

Политикэ мыхьэнэ зиIэ нысашэр Iэтауэ зэрекIуэкIар, Лупу Василий нысащIэм Яссы къалэм деж гуимэ гъэщIэрэщIахэмкIэ къызэрыщыпежьар къыхощыж тхыдэм. Дауэдапщэ ехьэжьахэр зыфIэфI Лупу ахъшэ щысхьакъым жаIэ, нысашэр цIыхухэм ягу къинэжын папщIэ. ХъыджэбзитIым анэ яхуэхъуа Катеринэ езым бынищ дигъуэтыжащ императорым. ЦIыху губзыгъэу, щхьэгъусэми иужькIэ балигъ хъуа и бынхэми зэречэнджэщын акъыл бгъэдэлъауэ жаIэж абы.

Краусс Георг тхыдэджым зэритхымкIэ, и щхьэгъусэр 1653 гъэм тырку гъэрыпIэм ихуа нэужь, Катеринэ икIуэтын хуей хъури, и дыщэхэкIхэри, шы лъэпкъыфIым щыщ и шитхури итын хуей хъуащ. Бистрицэ гъэру щаубыдри, Катеринэ 1658 гъэ пщIондэ хьэпсым ирагъэсащ. ИужькIэ езым и къуэм 1659 гъэм тепщэгъуэр Iэрыхьа нэужь, Яссы кIуэжри, абы щыпсэуащ. Щхьэгъусэри къуэри щIэзылъхьэжа Катеринэ 1661 гъэм Константинополь Iэпхъуэжри, Босфор пэгъунэгъу сэрейм щыпсэуащ. 1665 гъэм Катеринэ Молдавием къигъэзэжащ. Иужьрейуэ и цIэр къыщраIуэр 1666 гъэм гъатхэпэм и 1-м псапэхуэщIэу ахъшэ зэригуэшам щыхьэт техъуэ дэфтэрырщ.

Бзэр «зыхъумэхэм» дахуэвгъэсакъ

Тхыгъэм и фIэщыгъэм къигъэуIэбжьахэр иремыпIащIэ, анэдэлъхубзэм и Iей зетхуэркъым. Ауэ дэри дытепсэлъыхьыну игъуэ къэса къыщIэкIынщ адыгэбзэм и языныкъуэ «хъумакIуэхэм» ар зэзыгъэщIэну хуейхэр гугъу зэрырагъэхьым, нэгъуэщIу жыпIэмэ, я бзэ хуэсакъыкIэм зэраныгъэ куэд къызэришэм.

ДИ БЗЭР мэкIуэдыж жытIэурэ дытхьэусыхэ щхьэкIэ, ар зэзыгъэщIэну хуейхэм я бжыгъэри мащIэкъым. КIуэ пэтми нэхъыбэ икIи нэхъ щIэщыгъуэ мэхъу адыгэбзэр хамэбзэ хуэдэу езыгъэджхэм къагъуэт IэмалыщIэхэр. Куэд дехьэх «Мыст» зыфIаща, псалъэ щхьэхуэм и мыхьэнэр адыгэбзэкIэ къызэрыбгурагъаIуэ джэгукIэм. Бзэм и къудамэхэр щхьэж и псалъэжь къэпсэлъыкIэмкIэ зохъуажэ. Уэрэд цIэрыIуэхэр адыгэбзэкIэ зэрадзэкI, адыгэ уэрэдхэм я мыхьэнэр хамэбзэхэм ирагъэзагъэ, теплъэгъуэ цIыкIухэр ягъэхьэзыр. Ауэ зы гулъэф хьэлъи иIэщ ди бзэм и зыужьыныгъэм. Ар я щхьэ Iуэхум зыкъыдагъахуэу апхуэдэ лэжьыгъэфIхэр езыгъэкIуэкIхэм я лъэр языныкъуэ «хэкупсэхэм» зэрыщIаудырщ. ГъэщIэгъуэнращи, апхуэдэ «адыгэбзэщIэкъухэм» зызрадзыр бзэм иримыпсалъэхэракъым, атIэ хузэфIэкI зыщIэхэмрэ бзэм и лэжьакIуэхэмрэщ. «Ар адыгэбзэкъым», «адыгэбзэм апхуэдэ хэткъым», «уэ узэрыпсалъэр тхыбзэракъым, абы и зы къудамэщ» - апхуэдэ «дагъуэ» гуп къыхуагъуэт гъэфIэн, гъэгушхуэн, зыдэIэпыкъун хуей бзэм и жыджэракIуэхэм. Иджыблагъэ ди гум къишхыдыкIащ а Iуэхум шэрыуэу и телеграм напэкIуэцIым щытепсэлъыхьа, Мэхъэчкъалэ дэт Авар лъэпкъ театрым и унафэщI Бисавалиев Мухьэмэд. Абы и тхыгъэм къыхэтха пычыгъуэхэм «аварыбзэм» и пIэкIэ «адыгэбзэ» ибгъэувэжмэ, дызэрызэщхьэщыкIышхуэ щыIэкъым. «Анэдэлъхубзэр абы и «хъумакIуэхэм» ящыфхъумэ», - аращ Мухьэмэд и тхыгъэм фIищар.

«Хамэбзэм ирипсалъэ зэпыт, анэдэлъхубзэр къызыфIэмыIуэхуххэ «космополит» хамэкIутIухэм нэхърэ, бзэм зэраныгъэ нэхъыбэ къыхуахь абы къыщхьэщыж хуэдэу зызыщI зыкъызыфIэщIыжахэм. Я бзэкIэ зэрыпсэлъэфыр адрей цIыхухэм зыщIыхаIэтыкIын, ахэр зэрыраудыхын, зыщIагъэкъын Iэмалу къагъэщхьэпэ апхуэдэхэм. Анэдэлъхубзэм ирилажьэ сэ абыхэм куэдрэ сагъэукIытэ, уеблэмэ апхуэдизкIэ сызэгуагъэпри, сеуэу инджылызыбзэм е хьэрыпыбзэм сытехьэн щыжызагъэлэ къысхуохуэ, абыхэм ядэзгуэш бзэ симыIэжын хуэдэу».

Щылажьэр лъэпкъыбзэ театру щытми, нэгъуэщIыбзэ фIэкIа зымыщIэ цIыхухэм защыхуигъазэ утыкухэм урысыбзэм темыхьэу зэрыщымыхъум топсэлъыхь Бисавалиевыр. Аварыбзэ зэрамыщIэм хуэдэу, спектаклым еплъыну къэкIуахэм, и лъэпкъ гъуазджэм пщIэ къыхуэзыщIхэм дауэ фIыщIэ зэрахуимыщIынур? Ар цIыху хабзэщ, зэхэтыкIэ екIум и нэщэнэщ.

«СпектаклыщIэ зэрыдгъэувам и хъыбарыр Авар театрым и напэкIуэцIым къралъхьэну хунэсатэкъым, абы «театрым и унафэщIыр сыт аварыбзэкIэ щIэмыпсалъэр?» жызыIэ ущиякIуэхэм къыкIэщIэтхыхьын щыщIадзам, - етх адэкIэ дагъыстэн щIалэм. - КъывгурызогъаIуэ! Сытри зигу ежалIэ ахъырзэман гуп! Бзэр пхъумэн, абы зебгъэубгъун, ар ипэкIэ бгъэкIуэтэн папщIэ, абы нэуфIыцIщхьэрыуэу дэни ущрипсэлъэн хуейуэ аракъым, ар цIыхухэм къагурыIуэ-къагурымыIуэм уемылIалIэу. ЦIыху зэхэтыкIэ и лъэныкъуэкIэ, абы делафэ, хабзэншафэ къыщыптригъауэ щытыкIи уохуэ. Бзэр фхъумэну фыхуеймэ, анэдэлъхубзэм епха Iуэху дахэ гуэр къэфIэт, гушыIэрэ нэгузыуэжькIэ гъэнщIауэ 90 гъэхэм дэ къыдэдгъэкIыу щыта газетым ещхьу. ЦIыхухэр анэдэлъхубзэм девгъэхьэхыну фыхуеймэ, феуэ, уней газет тхьэмахуэ къэс къыдэвгъэкI, цIыху минипщIхэр къефшалIэу, дэ 2011 - 2019 гъэхэм къызэрыдэдгъэкIам хуэдэу. Лъэпкъ щэнхабзэм, тхыдэм, бзэм и зыужьыныгъэм фрисымаджэмэ, абы махуэ къэс фелэжь, улахуэ цIыкIунитIэ фIэкIа къамыхь пэтми, залым цIыху щIэзу къезышалIэ Авар театрым и лэжьакIуэхэм ещхьу. КIэщI зезгъэщIынщи, цIыхухэр дэзыхьэхын Iуэху къефхьэжьэ, тхылъ, газет, журнал къыдэвгъэкI анэдэлъхубзэкIэ. Пьесэ, прозэ, усэ фтхы, ролхэр вгъэзащIэ, нэтынхэр вгъэув. А къомыр зыхузэфIэкIхэм ябгъэдэлъ зэчийм и зы Iыхьэ вбгъэдэмылърэ пэт, фэ зы гъуанэ къэвмыгъанэу, акъылыншагъэ фIэщIэкIыу къыхуводжэ бзэр «хъумэным», утыкум фыкъызэрилъэдэн Iэмал закъуэу «аварыбзэ къабзэм фрипсалъэ, урысыбзэ къыхэвмыгъэхьэ, бзэр мэкIуэдыж» зэрыжыфIэм фIэкIа зыри къывжьэдэмыкIыу. Фи Iуэху бгъэдыхьэкIэ пхэнжым цIыхухэр Iуегъэщт, егъэшынэ. Лъэпкъ щэнхабзэм къыхэнэн гуэр къыщыфхуэмыгъэщIкIэ, нэгъуэщI мыхъуми, зыгуэр зыщIэфым зэран фыхуэмыхъу, бзэм иримыпсэлъэфу щытми, ар щэхуу зэзыгъащIэхэр фымыгъэгужьей».

«Си щхьэкIэ цIыху куэд дыдэ соцIыху, анэдэлъхубзэр фIыуэ ялъагъуу икIи ящIэу, ауэ зэрыукIытэм къыхэкIыу, абы ирипсалъэу, - къыдожьу Бисавалиевым и IэщIэдзхэм яз. - Бзэр адрейхэм нэхърэ нэхъыфIу зэращIэмкIэ зызыгъэкъхэм зэрыраудыхырщ ахэр зыгъэукIытэр. НэхъеижитIу сызэгуагъэп ар нэхъ гугъуж ящIу, къагупсыса псалъэ ныкъуэхъухэр ди бзэм хэзыукIэну хэтхэм. Ауэ «анэдэлъхубзэр дохъумэ» жызыIэхэм я ныкъуэкъуэкIэ щхьэкуцIыншагъэм, пэж дыдэу, цIыху куэд Iуегъэщт».

Шэч хэлъкъым бзэр къабзэу къэнэн зэрыхуейми, ар къызытехуэ бзэ щIэныгъэлIхэр, адыгэбзэжьым хуэлъэрызехьэ нэхъыжьхэр анэдэлъхубзэм хъумакIуэу зэрыщхьэщытыпхъэми. Зы лъэныкъуэкIэ, ди бзэм и щытыкIэр апхуэдизкIэ тIасхъэщи, уецырхъын уошынэ, а къыхуэна мащIэр IэщIэмыхун папщIэ. Ауэ бзэ псоми зэрызаужь хабзэр жьабзэм и ужь итущ. Грамматикэр абы къыкIэрыху хъумэ, бзэм и къаруми кIэрохури, ар зезыхьэр хамэбзэ нэхъ тыншым мэIэбэ. Бзэр езыр хъумакIуэу цIыхум къритащ. Ар «хъума» хъун папщIэ, ухуэныкъуэн хуейуэ аркъудейщ. ЗыгъэхъеипIэ, щыуапIэ, блэIэбыкIыпIэ, къэгъэзэжыпIэ зэдмытыжмэ, зыгуэр зыхузэфIэкIхэм я гур ибудкIэ, нэхъри дикIуэтыну фIэкIа, ипэкIэ дыбэкъуэфынукъым.

Ди щхьэрыхъуэныр нэмыцэхэми къагъэсэбэпат

Адыгэ тхыдэм и кIапэлъапэхэр къыщытлъыхъуэжкIэ, нэхъыбэу тегъэщIапIэ тхуэхъур урысыбзэкIэ зэрадзэкIа е абыкIэ ятха лэжьыгъэхэрщ. Нэмыцэбзэр фIыуэ зыщIэ, «Терек» газетым и редактор нэхъыщхьэ Дадэ Аслъэн и фIыгъэкIэ къытIэрыхьащ XIX лIэщIыгъуэм Берлин къыщыдэкIа газетым къытехуауэ, адыгэ щхьэрыхъуэным и хъыбар гъэщIэгъуэн.

DER BAZAR.

«СУРЭТЫМ щыфлъагъур прусс армэм щыщ сэлэтщ. Нэм къыфIэнэу абы и зыхуэпэкIэм хэтыр нэмыцэ шинелым «адыгэ щхьэрыхъуэн» жыхуаIэр зэрыфIэтырщ, - етх Дадэм. - XIX лIэщIыгъуэм Берлин бзылъхугъэхэм папщIэ «Дер базар» и цIэу сурэткIэ гъэщIэрэщIа газет къыдэкIыу щытащ. Абы и 9-нэ номеру 1864 гъэм гъатхэпэм 1-м къыдэкIам и IуплъапIэ нэкIубгъуэр зэрыщыту еубыд «шэрджэс капюшон» зыфIаща щхьэрыхъуэным и хъыбарышхуэм.

Тхыгъэм и пэм дыкъыщоджэ: «ЩIэуэ къежьа мы хьэпшып гъэщIэгъуэныр уэсым щIигъэна Кавказ къуршыщхьэхэм нэс къикIащ. Дзэ тетыгъуэм и унафэкIэ, абы бзыпхъэ трахри, прусс сэлэтхэм я зауэлI фащэм хагъэхьащ. Ауэ, зэрыфлъагъущи, мы пыIэр апхуэдизкIэ зехьэгъуафIэщи, щакIуэ е зыплъыхьакIуэ кIуэ дэтхэнэ зыми къыхуэгъэщхьэпэнущ. Теубгъуэным къыпыт мыпхуэдэ «капюшон»-р бумэзеищхъуэм е гъуэжьым, щыгъын щэкIкIэ зэджэм къыхэпщIыкI хъунущ...».

«Тхыгъэр зэрыщыту щхьэрыхъуэным и бзыпхъэмрэ и дыкIэмрэ теухуащ, - етх адэкIэ Дадэ Аслъэн. - Гу лъытапхъэщ щхьэрыхъуэныр къэбэрдей адыгэхэм е шэрджэсхэм я закъуэ зэрахьэ пыIэ лIэужьыгъуэу зэрыщымытам. Бгырыс лъэпкъ псоми къагъэщхьэпэу щыта а цейм и Iыхьэм зэреджэр «бащлъыкът». Урысыдзэми пщIэшхуэ щигъуэтри, ар 1862 гъэм тэн, тэрч къэзакъхэм я фащэм и зы Iыхьэу къащтащ. 1871 гъэм адрей дзэ лIэужьыгъуэхэми пыIэ папщIэу хагъэхьащ. Зи гугъу тщIы нэмыцэ газетым «capote» зыфIаща щхьэрыхъуэныр Европэм и адрей армэхэми зэрынэсам шэчышхуэ хэлъкъым».

Урысейми Европэми адыгэ цIыхухъу фащэм гулъытэшхуэ хуащIу щытащ XIX лIэщIыгъуэм. А лъэхъэнэм зэрахьа щыгъынхэми, езы модэми адыгэ зыхуэпэкIэм ижь ящIихуащ. И теплъэм зихъуэжурэ, цейм и Iыхьэ гуэрхэр нэхъ цIэрыIуэу къалъытэ «модэ унэхэм» нэсат, зыкъизыхын нэхъ зыфIэфI европей цIыхубзхэм нэгъунэ, ди лъэпкъ щыгъыным халъагъукIа Iыхьэ щхьэхуэхэр я бзыпхъэхэм хагъэзагъэу».

ЖиIэм и щыхьэту, Дадэ Аслъэн къехь адыгэ этнографиемрэ тхыдэ щIэныгъэмрэ я лъабжьэр зыгъэтIылъа Хъан-Джэрий СултIан и жыIэгъуэ цIэрыIуэр: «Адыгэ цIыхухъу фащэр тыншагъэрэ дахагъкIэ Азиеми, уеблэмэ Европэми щыслъэгъуа щыгъын псоми ятокIуэ».

Зыгъэхьэзырар **КЪУДЕЙ Iэминэщ**.

ЩIэблэм я ныбжьэгъу пэж

Егъэджакiуэ IэщIагъэмрэ лэжьыгъэмрэ зэрымытыншым дыщыгъуазэщ. Зэпыу имыIэу зызыхъуэж гъащIэм щIэуэ къежьэмрэ блэкIам и хъугъуэфIыгъуэмрэ зэхиухуанэу, еджэныгъэм и лъагъуэ кIыхьым еджакIуэхэр тригъэувэу, гъэсэныгъэ тэмэмыр и сабийхэм яхилъхьэу псэу цIыхущ егъэджакIуэр. ГъэщIэгъуэныр аращи, цIыху къыдэкIуэтейм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIщ ар, абы куэдкIэ елъыташ ныбжьыщIэм и хьэлыр зыхуэдэнур, и акъылым зэрызиужьынур, щIэныгъэу бгъэдэлъынур.

ЕГЪЭДЖАКIУЭ псоми зы къалэнщ яIэр - еджакIуэм имыщIэр ирагъэщIэнырщ. Адыгэбзэм и егъэджакIуэхэр мы Iуэхугъуэр фIы дыдэу къызэхъулIэхэщ. КъыжыIапхъэщ бзэр егъэджыным, ар щIэблэм фIыуэ егъэлъагъуным, я анэбзэкIэ тхэф, абы ирипсэлъэф хъуным къыдэкIуэу, абыхэм гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIи лэжьыгъэшхуэ зэрагъэзащIэр. Адыгэбзэр псалъэ къудейкъым, атIэ абы хабзэр, нэмысыр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. Зы ныбжьыщIи иджыри къыздэсым срихьэлIакъым адыгэбзэмкIэ и егъэджакIуэр игу иримыхьу. Куэдым фIыуэ ялъагъу, пщIэ зыхуащI, щапхъэу яIэ егъэджакIуэщ си тхыгъэр зытезухуар.

Налшык къалэм дэт еплIанэ гимназием адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ, илъэс 26-рэ хъуауэ а лэжьыгъэ мытыншым гурэ псэкIэ бгъэдэт цIыхущ Битокъу Анатолэ ипхъу Альбинэ. Бзэ дахэ зыIурылъ, гъэсэныгъэ тэмэм, гулъытэ зыхэлъ, дахагъэкIэ зи дунейр гъэнщIа Альбинэ иригъаджэхэр зыпищI щыIэкъым. Абы еджакIуэхэм фIыуэ ябгъэдилъхьэр, яхилъхьэр мащIэкъым. Езы егъэджакIуэми и егугъуныгъэр псыхэкIуадэ хъуркъым - пэдзыж телъыджэхэр и гъэсэнхэм къыхуащIыж. Абы и щыхьэтщ Битокъум иригъаджэхэр илъэс къэс нэхъыбэ зэрыхъур, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм увыпIэфIхэр къызэрыщахьыр.

Iэмал зэхуэмыдэхэр дерсхэм къыщызыгъэсэбэп егъэджакIуэм адыгэбзэр зи анэбзэхэм нэмыщI, мыадыгэ сабийхэри ирегъаджэ. Мыр хуабжьу лэжьыгъэ гугъущ, сыту жыпIэмэ уи лъэпкъым щымыщыр адыгэбзэкIэ бгъатхэу, къебгъаджэу, и гупсысэхэр къиIуэтэфу ебгъэсэныр тыншкъым. Ауэ ар хъарзынэу къохъулIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ, бзэм лъагъуныгъэ мыухкIэ бгъэдэт Альбинэ. Абы сабийхэр зыпищI щыIэкъым, езым и псалъэхэмкIэ жысIэнщи: «Зыгъэпсэхугъуэ зэманхэр къэсрэ махуитI-щы блэкIамэ, еджакIуэ цIыкIухэр сигукIэ къэслъыхъуэу щIызодзэ. Абыхэм сащыдэлажьэ, сащыдэуэршэр, сащыхэт дакъикъэхэм, сщIэуэ, гукъыдэжыр нэхъ шэщIауэ къысхуокIуэ».

Тхыдэм и напэкIуэцIхэр нобэрей зэманым къыщызыгъэлъэгъуэф, адыгэ хабзэр бзыпхъэ телъыджэу зэрыщытыр еджакIуэхэм езыгъэлъагъуф, усэбзэм и дуней телъыджэм хьэщIапIэ кIуэрей, дыщалъхуа щIыналъэм и дахагъэм лъагъуныгъэ хуезыгъэщI егъэджакIуэр щIэблэм я ныбжьэгъу пэжу дауэ къахущIэмыкIынрэ?! Альбинэ и IэщIагъэм фIыуэ хищIыкIкIэ, и Iэзагъэр езым и дерсхэм къыщигъэсэбэпкIэ зэфIэкIыркъым, атIэ ар и лэжьэгъухэм, адыгэбзэм и егъэджакIуэхэм ядэгуашэ зэпытщ егъэджэныгъэм пыщIауэ зыщыгъуазэ щэхухэмкIэ.

Дерс зэIуха, мастер-класс гъэлъэгъуэныгъэ, бзэр егъэджыным ехьэлIауэ щIэуэ къежьэ Iэмалхэр куэду зиIэ, ахэр утыку изыхьэ егъэджакIуэщ Битокъур. Зэпыу имыIэу абы и щIэныгъэм хегъахъуэ, егъэджакIуэхэм папщIэ къызэрагъэпэщ курсхэм макIуэ. Зи теплъэкIи гуакIуэ, сыт щыгъуи гуфIэр зи нэгу щыплъагъу, адыгэбзэр зи Iулъэбзэ, щапхъэ зытепх хъун Битокъу Альбинэ уригъэджэну, абы и дерс ущIэсыну, и лэжьэкIэм укIэлъыплъыну сыт и уасэ? Уасэншэщ!

МАХУЭЛI Беслъэн.

Лэжьыгъэм и пщIэр

Латиныбзэм къыхэкIауэ зыхуагъэфащэ «коррупцэ» псалъэм и мыхьэнэр адыгэбзэкIэ зы жыIэгъуэм игъэзэгъэгъуейщ. Ар Iулъхьэ етын-къеIыхынми, ахъшэ къаIэщIэгъэкIынми, умей зэпхьэлIэнми я деж къыщыувыIэркъым, лIэужьыгъуэ куэду ягуэш. Коррупцэм дуней псор зэрилъэхъам игъэгузавэу, 2003 гъэм ООН-м къыхилъхьауэ щытащ «Коррупцэм щыпэщIэт махуэ» щхьэхуэ щыIэн хуейуэ. Ар Урысейми щагъэлъапIэ.

ЦIЫХУГУР захуагъэм хущIэкъуу къигъэщIащ. Абы къыхэкIыу, дэтхэнэ бзэми хэмытыпIэ иIэкъым мы пасэрей урым лъэхъэнэм нэгъунэ Iэбэж мыхъумыщIагъэм и тхыдэр, сыту жыпIэмэ, лэжьыгъэми, егъэджэныгъэми, экономикэми, зэ Iуплъэгъуэкiэ фIы куэд къызыдэкIуапхъэ гъащIэм и лъэныкъуэ псоми кIуапIэ езымытыр коррупцэрщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Урысейр къэралыгъуэу щызэфIэува Грозный Иван и лъэхъэнэм пащтыхьыгъуэм и мылъкур зыIэрызыгъэхьэхэм «казнокрад» хужаIэрт.

КъызэщIэубыдауэ къапщтэмэ, мылъкур хабзэншагъэкIэ зэрызыIэрагъэхьэ Iэмал псори коррупцэм хабжэ. ГъэщIэгъуэнращи, псори коррупцэм йобэн, ауэ, зэрыжаIэу, адрейхэм нэхърэ нэхъ хуабжьу «дыгъур фубыд» жызыIэ хабзэр езы дыгъухэрщ. IэнатIэхэр зыхуэфащэм зэрыIэрымыхьэри, еджакIуэхэм къамылэжьа нагъыщэ зэрыхуагъэуври, зэхьэзэхуэхэм зыхуэмыфащэхэр зэрыщытекIуэри, щIэпхъаджагъэ зыIэщIэщIа къуаншэр зэраутIыпщыжри, хущхъуэ нэпцI сымаджэм зэрыхуатхри, иджыри къинэмыщI лъэныкъуэ куэди зэщIищтащ уз зэрыцIалэм фIэкIа пхуемыгъэщхьыну коррупцэм. А псоми пэлъэщыр сыт жыпIэмэ, «цIыху пэжу» укъэнэн гукъыдэжырщ, «хьэрэмышх» умыхъун плъапIэрщ. Ар къохъулIэн папщIэ, а цIэ дахэхэр зыфIэпщыжкIэ зэфIэкIыркъым. Уи нэкIи, уипкъкIи, уи акъылкIи бгъэунэхуауэ щытын хуейщ нэгъуэщI цIыхум къытехьэ лей зыпыщIа сомым узыншагъи, гупсэхугъуи, насыпи къызэрыдэмыкIуэр.

ЩIэх-щIэхыу дызытепсэлъыхьыну ди мурад мы Iуэхум и зы лIэужьыгъуэщ нобэ зи гугъу тщIынур. Ар уней IуэхущIапIэм Iут IэщIагъэлIым къилэжьар зэрыIэщIагъэкI Iэмалхэрщ. Хабзэ терминкIэ абы зэреджэр «къулыкъум кърит хуитыныгъэмкIэ егъэлеинщ». Урысей къэрал хабзэр апхуэдэ бэлыхь хэхуа и цIыхухэм къазэрыщхьэщыжыр адэкIэ къакIуэ хабзэхъумэмрэ лэжьакIуэмрэ я зэхуэтхэныгъэм уи фIэщ ещI.

Хабзэхъумэхэм я деж тхыгъэ къэкIуащ. Зытхар наIуэ къащIыркъым, ауэ Iуэхур щекIуэкIыр Волгоград областырщ. Машинэ къыщIэзыгъэкI фирмэм и лэжьакIуэр мэтхьэусыхэ мазэ къэс и улахуэм щыщ Iыхьэ гуэр и унафэщIхэм я зым иритыжын зэрыхуейм щхьэкIэ. Тхыгъэм итым зэгъусэу дыкъевгъаджэт:

«Ди лэжьапIэм цIыху 73-рэ дыIутщ. Хабзэ хъуауэ, ди унафэщIымрэ абы къыкъуэгушхыкI къуэдзэмрэ ахъшэ гуэрхэр «дэ къэдлэжьа хуэдэу» къытпатхэри, улахуэ тыгъуэм еттыжын хуей бжыгъэр зыхуэдизыр тхылъымпIэм тетхауэ къытIэрагъэхьэ. Ар езыхэм я жыпым кърахыу, IуэхущIапIэм иубыд унэм храгъэлъхьа бжэхэм, щхьэгъубжэхэм, шэнтхэм я уасэу къыджаIэ. Дауэ мы Iуэхум дыкъызэрелынур? ПщIэ къыфхуэзыщI Анатолэ».

Жэуап езытыр Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI майор Стрельцов Никитэщ:

«Анатолэ, мы узытепсэлъыхьыр къамылэжьа зрахьэлIэн нэрыгъ зиIэ къулыкъущIэхэм «хабзэ хъуа хабзэншагъэу» къагъэсэбэп Iэмалщ. Апхуэдэ улахуэ дэшхыкIыкIэр апхуэдизкIэ къызэрыгуэкIщи, хьэрэмышххэр щрагъаджэ еджапIэ щыIатэмэ, мы Iэмалыр япэ классым щрагъэджынт. Уи унафэщIхэм я IэбэкIэр сэ къыбгурызгъэIуэнщ. Нэхъыщхьэ упщIэу къэувраци, сыт ар зэрыкъуаншэр? Фи IуэхущIапIэр зыхиубыдэ къулыкъущIапIэ нэхъыщхьэм абы ахъшэ къыхуеутIыпщ лэжьакIуэхэр Iуэхум тригъэгушхуэн, я къалэныр нэхъыфIу ягъэзэщIэным хуиузэщIын папщIэ. Езым ар абыхэм саугъэт хуэдэу яретри къаIехыж, и жыпым кърихыу щхьэгъубжэ къищэхуа хуэдэу жиIэурэ. Фэ ахъшэр унафэщIым ивотыж, езым ар зэрыхуейуэ къегъэщхьэпэ, хагъэзыхь хъумэ, «офисым тезгъэкIуэдащ» жиIэфын хуэдэу. «И IэнатIэр къэзыгъэщхьэпэу имымылъку зэзыхьэлIа» жыхуаIэхэм хеубыдэ зи гугъу тщIыр, УФ-м и Уголовнэ кодексым и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэр, абы щхьэкIэ илъэси 6-м нэс тралъхьэ. ЛэжьакIуэхэм унафэщIым иратыжа ахъшэр сом мелуан 12-м щIигъумэ, зэрагъэтIысынкIи хъунур илъэси 10-м нос». Стрельцовым и жэуапым къызэрыхэщымкIэ, лэжьакIуэхэм унафэщIыр ягъэкъуаншэ щхьэкIэ, хабзэр къахэIэбэмэ, ахъшэр иратыжыну арэзы зэрыхъуамкIэ езыхэри ягъэкъуэншэну хуитщ, апхуэдэхэм зэреджэр «зэгурыIуэу щIэпхъаджагъэ зыщIа» гупщ.

Псом нэхърэ нэхъыфIыр къэралри цIыхухэри къыумыгъапцIэу, хабзэкIэ къыплъыс уи Iыхьэр зэбгъэзэхуэнырщ. Берычэт зыхэлъ мащIэри урокъу, ар зыбгына куэдри пэщ пхуэхъуркъым.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Мариannэщ**.

Артист къудейтэкъым

●ДифI догъэлъапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и театр гъуазджэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа адыгэ актёр Щхьэгъэпсэу Мухьэмэд къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирикъуащ. Ар 1915 гъэм мазаем и 23-м КъБАССР-м и Аруан районым хыхьэ Жанхъуэтхьэблэ (иджы Псыгуэнсу) къуажэм, литературэм, гъуазджэм я лэжьакIуэу ди лъэпкъым и щхьэр лъагэу езыгъэлъагъужа цIыху куэд къыздэкIа жылэм, къыщалъхуащ.

Щхьэгъэпсэу Мухьэмэд



Дзержинский Феликс и ролыр егъэзащIэ

И КЪУАЖЭГЪУХЭУ Къардэнгъущ1 Зырамыку, Къуралей Зулихъан, Болэ Мурат, Къалмыкъ Нэкъуэлэн, Сонэхэ Мухьэрбийрэ Баширрэ я гъусэу, ар 1935 гъэм щIэтIысхьауэ щытащ Театр гъуазджэм щыхурагъаджэу Москва дэт къэрал институтым, Луначарский А. В. и цIэр зезыхьэм (ГИТИС), и адыгэ студием. А зэманым цIэрыIуэ дыдэхэт Станиславский К. С., Немирович-Данченкэ В. И., Качалов В. И., Тарханов М. М., Леонидов Л. М., Москвин И. М., Тарасовэ А. К., Массалитиновэ В. О. сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я утыку итыкIэм къыдэушащ студент ныбжьыщIэхэм сценэм хуащIа лъагъуныгъэр.

Егъэджакlуэ Iэзэхэм я деж илъэситхукIэ зэрыщеджам, къалащхьэм и театр нэхъыфIхэм я лэжьэкIэр зэрызрагъэлъэгъуам, урыс, хамэ къэрал драматургием и тхыгъэ нэхъыфIхэм щыгъуазэ зэрызыхуащIам я фIыгъэкIэ адыгэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зрагъэсат образхэм гупсэхуу елэжьу, актёр IэщIагъэм и щэхухэм къатIэщIыфу.

Щхьэгъэпсэу Мухьэмэд и зэфIэкIыр зэрылъагэр наIуэ хъуащ и япэ лэжьыгъэхэмкIэ, диплом спектаклхэм щигъэзэщIа ролхэмкIэ - Къардэнгъущ1 Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагъэрэ» пьесэм къытращIыкIа лэжьыгъэм Джэрийуэ, Островский Алексей и «Таланты и поклонники» пьесэр зи лъабжьэ спектаклым Митяеву щыджэгуащ.

Хэку зауэшхуэм и пэщIэдзэ дыдэм уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ, псэуху узыр къызэза артистым хузэфIэкI къигъэнакъым псалъэм и къаруи къигъэсэбэпу ТекIуэныгъэ Иныр къигъэIэгъуэн папщIэ. Утыкум къыщигъэщI образхэмкIэ цIыхухэр къыхуриджэрт бий хьэщхьэрыIуэм пэщIэтыну. Псом хуэмыдэу абы фIыуэ къехъулIащ Акъсырэ Залымхъан и «Дахэнагъуэ» пьесэм хэт Iэхъуэ щIалэм и ролыр. Ар нэсри къэсыжауэ лъэпкъ лIыхъужьыт, лъэпощхьэпоуэ щыIэр къызэринэкIыурэ цIыхухэм яфIэкIуэда насыпыр къахуигъуэтыжу. ГъэщIэгъуэнырати, тхыгъэр зи Iэдакъэщ1экIри Джэримэс и ролыр япэу зыгъэзэщIари Жанхъуэтхьэблэ щыщт.

Щхьэгъэпсэур щыджэгуащ спектакль куэдым. Абыхэм ящыщщ Гоголь и «Ревизор» (Абдулин хьэрычэтыщIэм и ролыр игъэзэщIащ), езым итха «Мыщэ и къуэ Батыр» (ведущэм и ролыр), Шортэн Аскэрбий и «ИгъащIэкIэ», (цIыхубэ уэрэджыIакIуэ Iэсхьэд), Щоджэнцlыкlу Алий и «Мадинэ» (Бэвыкъуэ Умар), Лермонтов Михаил и «Беллэ» (Мыхътар), Эдуардо де Филиппо и «Филумено Мартурано» (Аморозэ Альфредэ), Дудар Хьэутий и «ЗэгъунэгъуитI» (ХьэкIагуэ), Журт Биберд и «Щхьэм имытым лъакъуэм и мыгъуагъэщ» (Мысхьуд) жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Мухьэмэд артист къудейтэкъым, атIэ икIи уэрэджыIакIуэт, композиторт. А и зэчийр абы къыщигъэлъэгъуащ Гаджибеков Узеир и «Аршин-мал-Алан» макъамэ гушыIэм, езым адыгэбзэм кърригъэзэгъам, щигъэзэщIа Сулеймэн и образымкIэ. Абы хуемыджами, Iэзэу жиIэрт адыгэ уэрэдыжьхэри, иджырей уэрэдхэри, езым и Iэдакъэщ1экIхэри. Щхьэгъэпсэум и уэрэдхэр (Къашыргъэ КIурацэ макъамэ зыщIилъхьа «ЩIалэгъуалэ маршыр», Шейблер Трувор зыхуей хуигъэза «Iэщыхьуэхэм я уэрэдыр») куэдрэ хэтащ Уэрэдымрэ къафэмкIэ Къэбэрдей ансамблым игъэзэщIахэм. Осетин драматург Токаев Асах и «Къэзышэхэр» спектаклым макъамэ хуэзытхар Щхьэгъэпсэурт (тхыгъэр зэзыдзэкIари Мухьэмэдт).

Адыгэ лъэпкъ драматургиер зэфIэувэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ абы. ГушыIэмрэ сабий драматургиемрэ я лъабжьэр игъэтIылъауэ жыпIэкIэ щыуагъэ хъунукъым. Мухьэмэд и «Мыщэ и къуэ Батыр» пьесэ таурыхъыр театр классикэ хъуащ икIи лъэпкъ сабий литературэм и тхыдэм къыхэнащ.

Япэ адыгэ гушыIэ «ТIэмашэ и бынунагъуэр» зытхари аращ. Адыгэ жылэм и щыIэкIэмрэ абы и цIыхухэм я псэукIэмрэ къэзыгъэлъагъуэ япэ тхыгъэ хъуащ ар. Гуапагъэрэ гушыIэ щабэкIэ гъэнщIа и IэдакъэщIэкIымкIэ Щхьэгъэпсэум хузэфIэкIащ драматургиемрэ театрымрэ я хабзэхэр мыIейуэ зэрищIэр къигъэлъэгъуэн. А спектаклымкIэ къызэIуахауэ щытащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ 1957 гъэм Москва щрагъэкIуэкIа, ди республикэм и литературэмрэ гъуазджэмрэ я декадэр. Абы щIэлъ макъамэхэр, зы закъуэ фIэкIа къэмынэу, зытхар езы Мухьэмэдт. Ар и дэIэпыкъуэгъут спектаклыр зыгъэува режиссёр, КъБАССР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Ерчэн Леонид. ТIэмашэ и щхьэгъусэ Ужьэ и ролыр зыгъэзэщIар Мухьэмэд и щхьэгъусэ Таужант. Драмэ актрисэ гъуэзэджэр Мухьэмэд и гъусэу еджат, ГИТИС-р 1940 гъэм къиухат.

Артистхэм я джэгукIэм дихьэхат москвадэсхэр, лэжьыгъэр зи IэдакъэщIэкI Щхьэгъэпсэум «ЩIыхьым и дамыгъэ» медалыр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

И лэжьыгъэ купщIафIэм, и Iэзагъэм, лъэпкъ гъуазджэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ абы хуищIа хэлъхьэныгъэмрэ папщIэ, Мухьэмэд 1960 гъэм «КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ.

И къару илъыгъуэу, иджыри Iэджэ хузэфIэкIыну, и ныбжьыр илъэс 67-рэ фIэкIа мыхъуу, ар 1982 гъэм дунейм ехыжащ, лъэпкъым пэжкIэ зэрыхуэлэжьамрэ хузэфIэкI зэрыхуищIамрэ и фэеплъу къытхуигъанэри.

ИСТЭПАН Залинэ.

Гурыхьщ «Адыгэ Iэнэр»

Адыгэ Республикэм и къалащхьэ Мейкъуапэ ущыдэтым деж гуапэ пщохъу Iуэхущ1апIэхэм я цIэр адыгэбзэкIэ тетхауэ, адыгэ ныпыр дэнэкIи фIэлъу щыплъагъукIэ. Къищынэмыщ1ауэ, а къалэм адыгэ шхапIэ цIыкIуу дэтым къахэхъуэ зэпытщ. «Адыгэ Iэнэ» и цIэу нэгъабэ къызэIуаха шхапIэм хьэщIэщ теплъэ иIэщ, жьэгу щIэтщ, дэнэкIэ зыбгъэзами адыгэ хьэпшыпхэр нэгум къыщIедзэ. Ар къызэIузыхари зыгъэлажьэри Теувэж Беслъэнщ. Укъызыхэкlа лъэпкъым и шхын пщIыныр, уи унагъуэ щупщэфIыныр лъэпкъ хабзэхэм ящыщщ. Ерыскъы къудейуэ щымыту, ар щэнхабзэм и зы Iыхьэщ, лъэпкъым и дуней тетыкIэр къигъэлъагъуэу, жыпIэмэ, ущыуэнукъым.

«АДЫГЭ Iэнэм» и бжэхэр хьэщIэхэм сыт щыгъуи яхузэIуахащ, абыхэм гуапэу япожьэ езы Беслъэн. Дэри ди бысым «Адыгэ макъ» газетым и редакцэм дыздригъэблэгъар аращ. Пхъэм къыхэщIыкIа тетIысхьэпIэхэмрэ Iэнэхэмрэ упэрысыну тыншщ. Дэтхэнэри бжыхькIэ къэхухьащи, зы Iэнэм пэрысхэр адрейхэм зэран яхуэхъуркъым. Абы уи ныбэ изу IэфIу ущышхэ къудейкъым, атIэ ди лъэпкъым и шыфэлIыфэр, и дуней тетыкIэр, и тхыдэр къызэрыпщIэн куэд щIэлъщи, уи щIэныгъэм хэбгъэхъуауэ укъыщIокIыж.

«Нэхъапэм гамбургер жыхуаIэм хуэдэ дгъэхьэзыру щытащ. АрщхьэкIэ, адыгэ шхыныгъуэм къыщIэупщIэр куэдт, адыгэ ерыскъы зыIуагъэхуэну хуейхэр нэхъыбэ хъу зэпытти, ди Iуэхум зедгъэубгъун хуей хъуащ, - къыддогуашэ Беслъэн. Япэм дгъэлэжьар къалэм пэIудзауэ, шхапIэ пэшхэри нэхъ цIыкIуу щытащ. Ауэ адыгэм хьэщIэ къыхуэкIуамэ, адыгэ шхынкIэ игъэхьэщIэну мурад ищIурэ, цIыху гупышхуэхэр къытхуашэрт. Абы дытригъэгушхуэри, къалэкум къыщызэIутхащ метр зэбгъузэнатIэ 160-рэ зи инагъыр».

Зэуэ цIыху 50 хуэдиз щIохуэ шхапIэм, лъэпкъ IэпщIэлъапщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэмкIэ гъэщIэрэщIащ. УзэрыщIыхьэу узыIуплъэ плIанэпэм арджэныр щыфIэдзащ, пхъэцIычхэр, Iэпэпшынэхэр, бзылъхугъэ пхъэ вакъэр, фащэм и нэгъуэщI пкъыгъуэхэр дэнэкIи щыболъагъу, дапхъэхэм адыгэ тхыдэм, щэнхабзэм теухуа тхылъхэр телъщ.

- Иджыпсту зыплъыхьыным, зекIуэ кIуэным, нэгу зегъэужьыным хуабжьу зиужьащ, жеIэ Беслъэн. - Адыгейм къакIуэри куэдщи, адыгэ шхынхэр щапщэфI шхапIэхэр Мейкъуапэ бэуэ дэтын хуейуэ къысщохъу. Аращ шхапIэр къыщызэIусхым гупсысэ нэхъыщхьэу сиIар. Иджы дуней псом укъащIэн, укъацIыхун папщIэ Интернетыр IэмалыфIщ - Телеграм-каналым, Яндексым напэкIуэцIхэр щыдиIэщ, сайт хэхаи дгъэпсащ. Ди шхапIэр ягу ирихьу, къытхуэарэзыуэ, шхыныгъуэхэм я фIагъыр къалъытэу къытхуатххэр ди гуапэ мэхъу. Ар адрей цIыхухэми ялъагъу, хъыбарыр Интернетым щызэIэпахри, нэхъыбэж къокIуэ.

Нобэ шхапIэм и теплъэри, абы щапщэфIхэри унагъуэкIэ къызэрагъэпэщу аращ Теувэжхэ: - Псори дэр-дэру зэдгъэпэщыжащ. Мо чыхэр си ныбжьэгъум сэрэ мэзым къыщIэтшащ, Iэнэхэм тет тхыпхъэхэри, шэнтхэри, уэнжакъри зыщIар сэращ. ГъэщIэгъуэну къекIуэкIащ си Iуэхур. Сызыхуеджар экономикэ IэщIагъэращ, Псыжь академиер къэзухащ, щэн-къэщэхуным пылъ компание ин гуэрым сыщылэжьащ, арщхьэкIэ, лэжьакIуэхэр щагъэмащIэм, сэри сыхэхуэри, сыкъыIуагъэкIащ. Си ныбжьэгъу щIалэм и гъусэу унэ зыщIхэм садэIэпыкъуу тIэкIурэ сылэжьащ. Зэгуэрым си анэр къызэлъэIуащ тхьэвыр щихун пхъэбгъу хуэсщIыну. Зэман къыдэзгъахуэри, сыпэрыхьащ абы. И хъуреягъкIэ къекIуэкIыу - тхыпхъэхэр, и кум «адыгэ Iэнэ» тестхащ, къыхэзгъэсыкIащ жысIэмэ, нэхъ пэжщ. Ар ди анэм апхуэдизкIэ фIэдахэ хъуащи, къигъэсэбэпыну хуэмейуэ, щIэрыпсу зэрехьэ. Мис ар къежьапIэ хуэхъуауэ къызолъытэ иджыпсту сызыпэрыт Iуэхум.

ЯпэщIыкIэ, си анэр, си шыпхъур, си щхьэгъусэр зэгъусэу пщафIэу, хьэлывэ ягъажьэрэ тщэуэ щытащ. Матэ кхъуей зыдэлъ адыгэ хьэлывэхэр зэрыпщтыру, ягъэжьа къудейуэщ зэрыпшхын хуейр, ар къыщохъулIэнур шхапIэращ. Мис апхуэдэу сыхуэкIуащ шхапIэ къызэIухын гупсысэм. Абы «Адыгэ Iэнэ» зэрыфIэсщынми, шэч хэлъыжакъым, - жеIэ унафэщIым.

Беслъэн и адэ-анэ Теувэж Нухьрэ Гуэщнагъуэрэ къыхалъхьа лъэпкъ гъэсэныгъэр игъэгъуэщакъым, ар и лъабжьэу уней Iуэху къызэIуихауэ ехъулIэныгъэхэр иIэу мэлажьэ.

Сыт хуэдэ пэщIэдзэри гугъущ, къапщтэмэ. Ауэ къыпкъуэувэн, къыбдэIэпыкъун цIыху уиIэмэ, угъэгушхуэ, къару къыпхелъхьэ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Беслъэн шхапIэ ищIыну бэджэнду къищта унэм япэ мазитIым пщIэ Iахакъым. Апхуэдэу ар зэрыгъэщIэрэщIа сурэтхэр и къуажэгъу, сурэтыщI цIэрыIуэ Къат Теувэж къритащ, нэгъуэщI зы сурэти къыхущIихьащ «Адыгэ Iэнэм» щыхьэщIа гуэрым.

- Iэпэпшынэри апхуэдэу гъэщIэгъуэну къысIэрыхьащ, - жеIэ Беслъэн. Адыгэ мультфильмхэр зыщI ДыщэкIхэ я щIалэм и хьэтырщ ари. Абы и ныбжьэгъу щIалэр «Русская удаль» ансамблым хэтти, IэмэпсымэщIэхэр къыщащэхум, жьыхэр ягъэтIылъыжащ. «Ухуеймэ, къащтэ» жиIэри шыкIэпшынэр къыщритым, сэри Iэпэпшынэр къысхуриIыхауэ щытащ.

Беслъэн къиIуатэ псори гъэщIэгъуэнщ, шхапIэм щIэлъ дэтхэнэ хьэпшыпми хъыбар иIэщ.

Блыным кIэрылъ картэхэр 19-нэ лIэщIэгъуэм зекIуэхэм зэхагъэуvауэ Адыгэ хэкум (Черкесием) иIыгъа щIым и инагъыр уи нэгу къыщIэзыгъэувэщ. «Картэхэм ящыщ зыр Бэрэтэрэ Хьисэрэ Тау Аслъэнрэ къысхуахьащ, - жеIэ абы. - Тхылъхэм я нэхъыбэр унэм къисхащ, иныкъуэхэр Бэрзэдж Убых къызитащи яхэлъщ абыхэм. ЩIалэ гуп къыщIыхьэри щышхати, адыгэ бэракъыр машинэм кърахри, къызатащ. Мис апхуэдэу гуапэу цIыхухэр къызэрысхуэупсэми си гур хегъахъуэ».

Апхуэдэ зэхущытыкIэр, шхэну къакIуэхэм къалъыкъуэкI адыгагъэр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Теувэжым зэрыжиIэмкIэ, шхапIэр къызэIуиха нэужь, хьэкъущыкъуу къищэхуар фарфорым къыхэщIыкIахэрт. Зы махуэ гуэрым адыгэ щIалитI къыщIыхьащ и деж. «Дышхэнукъым, ауэ сытми «Адыгэ Iэнэ» тетхати, дыкъыщIыхьауэ аращ», - жаIэ. АрщхьэкIэ, шхыныгъуэ зырыз кърагъэщтэри, унафэщIыр къраджэ. ШхапIэмрэ хьэкъущыкъухэмрэ зэрызэмыкIур жраIэ. «Сэри яжесIащ, абы иужь сызэрихьэнур, зэкIэ згъуэтыр къызэрысщтар. А махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм къысхуахьащ ятIагъуэм къыхэщIыкIа тепщэч, кумбыгъэ зэкIужхэр. Хуабжьу сахуэарэзыщ апхуэдэу зи чэнджэщ, Iуэхущ1афэ къызэзыхьэлIахэм. Сегъэгушхуэ адыгэ шхапIэщ жаIэу, дэтхэнэми езым и хэлъхьэныгъэ гуэр хуищIыну зэрыхэтым», - къыджеIэ ди бысымым.

Шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд щызэблах Беслъэн и шхапIэм. Дэ лыцIыкIулыбжьэкIэ дызэджэм хуэдэ къытхутрагъэуващ нартыху хужь пIастэ и гъусэу. Ауэ къэбэрдейхэм лыцIыкIулыбжьэр лыри шыпсри зэщIэлъу дгъэхьэзырмэ, кIахэмкIэ лыр щхьэхуэу, шыпсыр щхьэхуэу къыпхуахь. ЩIакхъуэзэтеупIэщIыкIыр дэ Iуву, тэджауэ тщIымэ, абыхэм пIащIабзэу ягъажьэ. Ари тфIэгъэщIэгъуэн хъуащ. Зыми хуэдэжкъым матэ кхъуей зыдэлъ адыгэ хьэлывэр (хьалыжъ). Ар «Адыгэ Iэнэм» IэфI дыдэу щегъажьэ Беслъэн и анэм. Шыпсыр зышха адыгей пщащэхэр щIэупщIащ ар зыщIам. КъащIат унафэщIым и анэм зэрищIар, адыгэ нанэм ищIа шыпсыр зэи зыми зэрыхэмыгъуэщэнур жаIэурэ яшхащ, шыбжиитхъукIэ щIа кIахэ шыпс плъыжьыр. Дэ шатэкIэ тщIы шыпсым ещхьтэкъым ари.

Мейкъуапэ зыгъэдахэ шхапIэхэм иджыри зы къазэрыхэхъуам дыщыгуфIыкIащ. «Адыгэ Iэнэр» абыхэм къахощ унагъуэ уис хуэдэу узэрыщагъэхьэщIэмкIэ.

Тхыгъэри сурэтхэри зейр
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Медалхэр, кубокхэр, щIыхь тхылъхэр

Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь Остроухов Евгений и фэеплъу зауэ Iэпщэрыбанэ спортымкIэ щIыналъэхэм я зэхьэзэхуэ Черкесск къалэм и «Юбилейный» спорт комплексым щекIуэкIащ.

ХЭГЪЭРЕЙХЭМ нэмыщI, абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ростов областым, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Дагъыстэным, нэгъуэщIхэми я спортсмен 300-м щIигъу, я ныбжькIэ илъэси 6-м къыщыщIэдзауэ илъэс 15-м нэсыху хъуурэ. Ахэр гупитIу гуэшауэ щытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэр цIыху 80 хъурт икIи зэфIэкIыфIхэр абы къыщагъэлъэгъуащ.

Япэ гупым хэхуахэм ящыщу текIуэныгъэхэр абы къыщахьащ Абеикъуэ Сулеймэн, Бахъуэ Темырлан, Бахъуэ Инал, Джыназ Сулеймэн, Рэмэзан Рэмэзан сымэ. ЕтIуанэ увыпIэр къахьащ Нартокъуэ Алихъан, Чабдаров Мансур, Iэрэмысэ Алан сымэ. Темрокъуэ Алихъанрэ БжэныкIэ Идаррэ ещанэ хъуахэщ.

ЕтIуанэ гупым хэхуахэм ящыщу бжьыпэр иубыдащ КIэш Дамир. Джэрыджэ Жамболэт, Куэцэ Елдар, Мер Дамир, Мер Руслан, Чабдаров Магомед сымэ етIуанэ хъуащ. Мэрзэлы Къантемыррэ Елмэс Ибрэхьимрэ ещанэ увыпIэр къахьащ.

Зэхьэзэхуэм япэ увыпIищыр щызыубыдахэм медалхэр, кубокхэр, щIыхь тхылъхэр иратащ.

Ди командэр зэпеуэм хуагъэхьэзыращ Бейтыгъуэн Руслан, Куэцэ Мурат, Щомахуэ Казбек, Джаппуев Алий, Къардэн Елдар, Тхьэщыгъуей Анзор, ШэрыIужь Альберт сымэ.

АЛБЕРДЫКЪУЭ Iэмин.

●УФСБ-м къет

Ахъшэ яхуигъэхьырт

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къыщIагъэщащ терроризмэм ахъшэ хуэзыутIыпщ, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм щыпсэу, илъэс 49-рэ зи ныбжь цIыхухъум илэжь хабзэншагъэр.

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, ар япыщIат дунейпсо терроризм гупхэм ящыщхэу хабзэхъумэ органхэм защызыгъэпщкIухэм, абыхэм ахъшэ яхуэзыхыхэм икIи сом мелуан 1,9-м щIигъу щIэпхъаджащIэхэм яIэригъэхьащ.

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и Следственнэ IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 205.1-нэ статьям и 1.1 Iыхьэм ипкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьар илъэс 15-м нэскIэ ягъэтIыс.

ФIыкIэ дакъыхощ

«Туризмэмрэ хьэщIагъэм ехьэлIа Iуэхухэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэр 2024 гъэм зэрагъэзэщIам теухуауэ иджыблагъэ екIуэкIа зэIущIэм УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Решетников Максим щыжиIащ псынщIэу зэпкърыплъхьэ-зэпкърыпхыж, нэгъуэщI щIыпIэм тыншу пхуэгъэIэпхъуэ хъу турист хьэщIэщхэр (модульнэ) ухуэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралым щынэхъыфIхэр зэрахэтыр. Ди щIыналъэм нэмыщI, абы къыхигъэщащ Алтай краймрэ Башкириемрэ.

«ТУРИЗМЭМ зегъэужьыным и Iыхьэ нэхъыщхьэу щытыр абы и инфраструктурэрщ. Абы игъуэт зэхъуэкIыныгъэм куэдкIэ елъытащ IэнатIэр зэрефIэкIуэну щIыкIэр. Псом хуэмыдэу, къэралым и курортхэм я хьэщIэщхэм я пэш бжыгъэр нэхъыбэ щIынырщ а Iуэхум щынэхъыщхьэр. Иужьрей илъэситIым хьэщIэщ пэшу мини 10-м я ухуэныгъэм сом мелард 15 хуаутIыпщащ», - жиIащ Решетников Максим.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, республикэм и турист IэнатIэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ къэрал бюджетым сом мелуан 573-рэ къыхэкIащ иужьрей илъэситIым. Модульнэ хьэщIэщхэр ухуэнымкIэ пэхуэщIэхэр жыджэру щагъэзащIэ Налшык къалэм, Iуащхьэмахуэ, Дзэлыкъуэ, Шэрэдж, Шэджэм щIыналъэхэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● КъБР-м щыIэ МВД-м

ГъэпцIакIуэр къыщIагъэщащ

Нартан къуажэм щыпсэу, илъэс 41-рэ зи ныбжь цIыхубзым Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм 2025 гъэм мазаем и 20-м зыхуигъэзащ

АБЫ зэрыжиIамкIэ, мазаем и пэщIэдзэм социальнэ сетхэмкIэ абы зыкъыпищIащ куэд щIауэ ицIыху, «Ислъам»» зи цIэ щIалэм икIи къыжриIащ «Киа-Риа» машинэр сом 300 000-кIэ къызэрырригъэщэхуфынур, сакъылэту сом 50 000 хуигъэхьмэ.

Иужьрейм ахъшэр Iэрыхьэри, смс-хэми жэуап къаритыжакъым, телефонри къытрихыжакъым.

Управленэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм яубзыхуащ цIыхубзыр къззыгъэпцIар хэтми. Ар мызэ-мытIэу суд зытращIыхьа, илъэс 40 зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэурщ.

Шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 15-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

НаркотикхэкIхэр къытрах

Урысей МВД-м и Прохладнэ къудамэм наркотикхэр зэрызэбграгъэхым кIэлъыплъынымкIэ и IэнатIэм и лэжьакIуэхэм 2025 гъэм мазаем и 13-м район центрым и Дарьяльскэ уэрамым щаубыдащ нэхъапэми суд зытращIыхьа, илъэс 23-рэ зи ныбжь, Солдатскэ станицэм щыпсэур. ЩIалэщIэр къыщащым къытрахащ хьэжахэр зэрылъ зэкIуэцIышыхьауэ 10.

ЯУБЫДАМ зэрыжиIамкIэ, абы къытрахар «мефедрон» наркотикхэкIщ, ар гъэтIылъыгъэ щэхухэм щызыIэригъэхьащ, адэкIэ иригъэкIын мурадкIэ. Апхуэдэуи щIалэщIэм хабзэхъумэхэм яригъэлъэгъуащ езым игъэхьэзыра гъэтIылъыпIэ щэху 16-р икIи полицейхэм абыхэм апхуэдэ зэкIуэцIышыхьахэр кърахащ.

Ирагъэкlуэкla экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, ахэр грамм 36,97-рэ хъу «метилэфедрон» наркотикхэкIщ.

Урысей МВД-м и Прохладнэ къудамэм и Следственнэ IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 228.1-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «а, б» пунктхэм, 30-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «г» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр илэжьауэ. Ар яубыдащ.

ДыгъуакIуэр яубыдащ

Илъэс 29-рэ зи ныбжь къалэдэс щIалэм Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м зыхуигъэзащ. Абы зэрыжиIамкIэ, ипэ махуэм спортзалым щыIэу и бохъшэм сом 40 000 дэкIуэдыкIат.

УПРАВЛЕНЭМ уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм шэч зыхуащIыр яубыдащ. Ар нэхъапэми мызэ-мытIэу суд зытращIыхьа, илъэс 31-рэ зи ныбжь налшыкдэсщ. ЦIыхухъум зэрыжиIамкIэ, спортзалым и зытIэщIыпIэм щIыхьэри, дэлъхьэпIэхэм я бжэхэм къекъуурэ, зыр мыгъэбыдауэ къыщIэкIащ. Абы бохъшэ зэрыдэлъым гу лъитэщ, ахъшэр къыдихри щIэкIыжащ. ЦIыхухъур хунэсащ къиныгъуа ахъшэр къигъэсэбэпыну.

Шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 159-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «в» пунктым ипкъ иткIэ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор),* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.413
Заказыр №402
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.).*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.